Musungwa

Pano zvakare, muZita raIshe Jesu, uye nokunzwa pamusoro pemabasa makuru anoshamisa ayo aMakaita, kumashure. Uye zvino timire tiri pasi pekutarisira, zvichisimudzira kutenda kwedu pamwe nekutizodza, kuti titende kuti panezvese zvakumbirwa manheru anhasi tichazviwana. Munoziva chimwe nechimwe chazvo, zvose zvavakumbira. Zvino tinovanamatira, kunyanya, Ishe, avo vave pedyosa nerufu. Unzai rugare mumoyo yavo kana rwange rusati rwavemo. Unzai kupodzwa kumuviri yavo. Zviitei, Ishe.

2 Ropafadzai kuuya kwedu pamwe chete. Tiri—tiri kunamata, Ishe, manheru ano eChitatu pashumiro yemunyengetero, kuti, sekuungana kwataita, tichiziva kuti panoungana pamwe chete vaviri kana vanodarika, Munenge muinesu. Zvino tinoKukumbirai, Ishe, kuti Mutipe Shoko reNyu manheru ano. Taurai kwatiri, Ishe, nekudziyisa moyo yedu, zvinoshamisa, kuti tigoziva mazvibatiro kuitira nguva huru iri mberi, sezvo tiri kutenda kuti taswedera paKuuya kwaShe.

3 TinoKutendai nokuti vanhu zvino vave kutanga kuwana kutenda kwakavakoshera, uyewo nokuziva zvinorehwa nokutenda. Uye nokuziva, tichifanokutendai nokuda kweshumiro dzichiri mberi, tichitenda kuti Muchaita chimwe chinhu. Ishe, takamirira tiine tarisiro, semazuva akare, tichitenda kuti nguva yaswedera apo Muchabva mazarura mafasitera okuDenga modurura vimbiso dzakavimbiswa naMwari muzuva rino rekuguma.

4 Zvino tinoKukumbirai, Ishe, kuti—kuti muve navose, munyika dzose, sezvo nhasi tanzwa kuti vazhinji varipano, nekwose kwose, vane zvikumbiro. Vapei zvikumbiro zvavo, Ishe. Zvino tinonamatira kuwona ruwoko rukuru rwaMwari ruchifamba-famba pasi rose pakati peavo varikutsvaka chinhu chikuru ichi.

5 Tiregerereiwo chivi chedu. Tirangei, Ishe, noMweya weNyu pamwe neShoko reNyu, kuti tizokwanisa kuzvidzikamisa, varanda vanoteera, varanda vanoteera vari mukuda kwaMwari. Regai tirangarire, nokuedza kufunga mumoyo yedu, izvo zvakaitwa naMakristu epakutanga. Kuti imhandoi yevanhu vatichazosangana nayo kana tikasangana neavo vakamboyanana nemi pauzima. Zvokuti zviso zvavo zvakabwinya sei nokutenda nomufaro. Zvokuti hupenyu hwavo hwakange hwave Shoko raMwari rinorarama, kungove "tsamba dzakanyorwa dzinoverengwa nevanhu vose," apo pavaifamba vari pakati pevanhu. Mwari, zviiteiwo kamwe zvakare.

6 Dai hupenyu hwedu hwanyatsova pasi peNyu, kuti Mweya Mutsvene agorarama pachaKe nematiri, nokutaura nematiri, Ishe. Dai tikarangarira, mupfungwa dzedu, apo tinofamba munzira tichigunzvana maoko nenyika, kuti hatifanirwe kufanana navo. Zvino tinotsaukira padivi tovapa nzvimbo yacho, Ishe, uye nechinzvimbo chavo chakavakodzera pano panyika. Tinotora chigaro chekumashure, tichiziva kuti tiri vamirirriri vanobva kune imwe nyika. Tine Humambo huri kuuya kuzotora simba rekutonga, Ishe. Uye Mambo wedu mukuru achasvika nokuchimbidza ozotora humambo hwose huri pasi pohushe hwaKe. Zvino Achatonga nokubata hushe; pamwe naYe pano panyika, kwechiuru chemakore, tozova naYe nokusingaperi.

7 Tiine izvi mupfungwa, Ishe, zvino tiri kutarisira mhinduro yemunamato wedu. Tinotarisa pakureurura kwedu. Kana paine chatakaita, takataura chimwe chinhu, kana paine chatakafunga, chaipesana nokuda kweNyu kukuru, regai Ropa raJesu Kristu ritichenese.

8 Titungamirirei, Ishe, sekutaura kwaita hanzvadzi manheru ano, pamusoro pake nemurume wake pavachange vari munzira kuenda kuChicago. Vatungamirirei, Ishe Mwari, panzvimbo yaMunogona kushandisa, kuti vave mirazvo yechiedza kune vamwe varikutsvanzvadzira murima, vasingazive Ishe wedu Jesu. Zvino tinokumikidza shumiro kwaMuri, uye takateerera Shoko reNyu rekuraira, kuti tigoziva magadziriro atingaita nguva huru iyi, takumbira nemuZita raJesu. Amen.

[Chibenga chisina chinhu patepi. Hama Neville vanotaura—Mupepeti.]

Ishe vakuropafadzei. Mazvita, hama.

9 Ndanga ndisiri kunyatsotarisirwa pane izvi. Ini, pandanga ndiri kuno kumba, ndangonzwa kuti kana ndisina kumwe kwandingafanire kunge ndichienda, kune ari panjodzi, handaizonzwa zvakanaka, dai ndagara kumba ndisina kuuya kumunamato. Zvino ndazongoita zvekuuya, ndisiri kuzvitarisira, pachezvangu, kana kumhuri yangu. Ndangopinda, ndokubva ndangobuda. Zvino saka ndati, "Ndave kuenda kumunamato." Zvino mudzimai haana kana kumbowana nguva yekuti agadzirire kuuya, nokuti ange asiri kuziva kuti ndiri kuuya.

10 Saka ndafara kunzwa chapupu chehanzvadzi iyo, nehama, pamusoro peChiedza kumusoro kuSouth Carolina kana kuNorth Carolina, nechekumwewo. KuGreenville, here? [Imwe hanzvadzi inoti, "Kwete. Southern Pines."—Mupepeti] Southern Pines. Ndizvo.

11 Hama Lee Vayle vanga varipano nhasi. Ndavabhabhatidza, nhasi, pashumiro yorubhabhatidzo pano nhasi. Hama Lee Vayle munovaziva, nevashumiri avo, Hama Parker Thomas. Pane . . .

12 Ndinorangarira iyo—iyo nguva, apo imwe hanzvadzi yakafukidzwa nemumvuri. Kwakave kusimbiswa kukuru, hanzvadzi, kune izvo . . . Mweya Mutsvene dzimwe nguva anotirega tichienda mberi kuedza kutenda kwedu, kuti uone kuti chii, nokuedzawo kutenda kwevamwe. Kana wakanyatsotarisana nechimwe chinhu, woona chimwe chinhu, wozvitaura; vamwe pavanotarisa vakasazviona, vanoti hapana chinhu. Maona? Asi chiripo.

13 Zvino, hapana akakwanisa kuona Chiedza chakange chiri pamusoro paPauro, asi Chaivepo. Hapana akaona njiva iya ichiburuka kubva Kudenga, iri muChiedza chiya, chine chimiro, ndokuzorora pamusoro paJesu, kunze kwaJohane oga. Asi Yakange Iripo. Maona?

14 Naizvozvo, zvadaro, nekufamba kwenguva apo pandaiudza vanhu pamusoro peChiedza ichi kuti chakafanana neShongwe yeMoto, hapana aida kuzvitenda. Asi zvino ziso remuchina wekamera rakaChionesa, pamauiro aChakaita.

Zvino mweya wetsvina wakasviba.

15 Zvakangofanana nehupenyu hwedu, tiri mimvuri. Uye tiri . . . Kana tiri chiedza, ndokunge kana hupenyu hwedu huchifambirana neChiedza chenguva, tiri kufamba muChiedza.

16 Zvakangofanana nepaunotarisa panze woti, "Ndiri kuona zuva," panguva dzemasikati. Uri—uri kuona mumvuri wezuva. Ichadzera chezuva. Harisi zuva, chairo, asi zvinongosimbisa chete kuti kune zuva. Zvinosimbisa kuti kune zuva.

17 Uye zvino pandinoona, semi semagariro amakaita ipapo, muri kushandisa zvifefedzo, muchitaura, zvinoreva kuti muri kurarama, asi unongori mumvuri wehupenyu.

18 Nokuti, chinhu chose chinofanira kuva nerima machiri, kuti chikwanise kuisa mumvuri. Maona? Nokuti, mumvuri unofanira kunge uine humwe huwandu hwerima nehumwe huwandu hwechiedza, kuti pave nemumvuri. Zvino hazvibviri kuti zvose robva rangova rima, uyewo kana kuti zvose chova chiedza. Kana kwakasviba, kunobva kwanyatsoita rima guru. Kana kuine chiedza, hapana mumvuri, hapana chinogadzira mumvuri. Asi kana zvakasanganiswa rima nechiedza, panobuda mumvuri.

19 Nokudaro isu tiri zvirokwazvo mimvuri yechiedza. Zvino uri kuratidza chadzera chehupenyu hunobva kune imwe nzvimbo. Kana iwe uri, Mukristu, uhu huri mumvuri, zvinongosimbisa chete kuti pane kune Hupenyu kwausingafi, nokuti hupenyu huno hune rufu mahuri. Maona? Asi mumvuri, nokuti uri chisikwa chinorarama, chinofamba chinokwanisa kuona, kufunga, kufamba, nekutaura, chiine pfungwa shanu dzemutumbi. Asi kunyangwe zvakadaro iwe unoziva, idzo, dziri kufa. Uye pane matambudziko akawanda. Munoziva,

zvinofanira chete kungove zviri. . . Ichadzera, munoona, kuti pane hupenyu nerufu zvakasanganiswa pamwe chete.

20 Ichi chinobatika chinofanira kufa. Asi iwe kana uchiratidza, nohupenyu hwako hunofa, Chiedza cheDenga, zvino uri kuratidza chadzera cheUpenyu Husingaperi, Mwari. Zvino paunofa, hakuna kumwe kwaunoenda asi kuChiedza ichocho, nokuti Ndicho chawanga uchiratidzira.

21 Kana uri wenyika yerima, ndizvo zvaunoratidzawo, uye ndizvo zvaunongogona, hakuna kumwe kwaunoenda asi kurima. Maona? Saka tiri pakuratidza chiratidzo. Saka, tiri kuzviona. Uye zvirokwazvo sezvinoita Mweya Mutsvene kuratidzira Chiedza neHupenyu, ndizvowo zvinoita rufu kuratidzira rima.

22 Uye heinoi pano iri miviri. Mangwan-. . . Pakupera kwesvondo, zvichida patinozosvika musi weSvondo, tiri kutora kamufananidzo kadiki aka kuti kakudzwe igova huru, kuti izoiswa pabhodhi rezviziviso.

23 Ipapo, ndipo pane pikicha *yenyu* apo pabhodhi rezviziviso. Handizive kana mazvicherechedza, kana kuti kwete. Uye zvino. . .

Zvino zvingaite sesvondo rimwe rapfuura, mu—muJamaica, uko kwandakaita basa rechimishinari. Tinotumira matepi pasi rose. Zvino zvisimbiso zvinomwe zvapinda mu. . . seri mumatunhu ari pakati peJamaica, panzvimbo dziri pakatikati. Zvino ikoko inzvimbo yakasaririra kumashure, seri kweBlue Mountain. Zvino vagari veko, dzimwe nguva, vanenge vaine te—tepi rekodha yatinenge tavapa, yaunofanira ku—ku, sezvaiitwa Victrola yakare, waitanga waikunga, zvino woirega—rega ichirira saizvozvo. Zvino, mushure memaminitsi mashoma oga-oga, mumwe munhu anozofanira kuikirenga.

24 Boka iri rakanga riine ka—kabhatiri kadiki, kemavolts matanhatu, kana zvimwe zvakadaro, kavairidzisa tepi rekodha. Zvino va—vakange vose vagere pamwe chete, kuda sevari pano manheru ano, vachiteerera zviSimbiso zviya, ndinotenda ndizvozvo. Zvino pandainge ndichitaura, vakacherechedza, kwakauya mumba, kwakauya Shongwe yeMoto imwe chete iya, ndokuenda pakange paine tepi rekodha ndokuzororora iri pamusoro payo. Zvino vakaenda vakanotora kamera ndokutora mufananidzo waYo. Zvino ndiyo imwe chete Iya, Iyo iri apo, yakazororora ipapo pamusoro payo. Zvino tiri kuita kuti ikudzwe, kuti igoiswa pabho—bhodhi rezviziviso uko, kuitira kuti muione.

25 Tinotenda zvikuru nokuda kwenyasha dzaMwari dzakaunzwa mu. . . isu muHupo hwaKe muzuva rino. Zvino tinotenda nokuda kwezvinhu zvakawanda.

26 Zvino ndinofunga ndichatarisa muno kuti ndione kana ndingawane zvimwe, zvimwe zvinyorwa kanawo zvimwe,

chimwe chezvandakambotaura pamusoro pacho. Kana kuti, tozvitorera zvakaita se—se . . . Ndine magwaro andanyora, zvisineyi, mukati umu mubhuku. Kana ndikagona kuwana chimwe chete, pamwe Ishe vachitendera vachandipa zvokutaura pamusoro pechimwe chinhu, patichange tichinamata.

Zvino tiri pasi pekutarisira musi weSvondo.

27 Ndanga ndiri kutaura muMharidzo. Zvino, musi weSvondo, ndakakuchengetai pano kwenguva yakareba, pana, "Unochemei kwandiri? Taura kuvanhu uende mberi."

28 Zvino, Svondo pachave neshumiro yokunamatira vanorwara apo vanorwara vachanamatirwa. Zvino, ukaenda kune vanorwara, zvino panofanira kuva paine chikonzero zvikaitika kuti vanorwara, apo patinenge tavanamatira, votadza kupora. Zvino ndiri kuda, kana Ishe vachitendera, pave nemharidzo pfupi mangwanani eSvondowo, zvakare. Saka, ndichava neshumiro yekunamatira vanorwara, nokunamatira vanhu vose. Zvino Billy Paul kana vamwe vavo vachange varipano mangwanani eSvondo, senguva dza eight o'clock, panovhurwa chechi, kuti vape vanhu makadhi pavanenge vachipinda napamukova, kana pavanezenge vachipinda.

29 Uye zvino, ipapo, ndiri kuda kuyedza, ndinotenda kuti Ishe neimwewo nzira vakandipa kakunzwisisa pamusoro pechikonzero sei paine vamwe vanhu vasiri kupodzwa. Uye ndi—ndinotenda kuti kushaiwa kunzwisisa. Uye ndi—ndinotenda, pamwe, tichataura pamusoro pazvo, mangwanani eSvondo, Ishe vachitendera.

30 Zvino, shumiro yeChitatu manheru yemunamato inongova musangano muduku apo patinowungana pamwe chete tichinamata, saizvozvi, tichiyanana pamwe chete.

31 Dzimwe nguva, ndi—ndinotenda chimwe chinhu chikuru chandinoona muzuva rino, kushaiwa kuperera pazvinhu zvatinotenda. Maona? Maona? Dai Mwari, mumazuva aJohn Wesley, vakaita muzuva iroro zvaVaita muzuva ranhasi, zvingadai zvakaitei; mumazuva aMartin Luther, kana ani zvake? Sezvatiri kuMuona achiita, zvose zvichisimbiswa neChechi, neMweya; nesainzi, uye nekufamba kwose, mifananidzo yayo—yayo wakazvicherechedza. Uye Shoko raMwari pano richiZviratidza pamwe nokuZvitaura zvisati Zvaitika. Zvino zvichifamba, nekuporofita, nekuratidza chinhu icho chaAkataura. Zvichazadzikiswa zvakakwana, chaizvo zvaAkataura. Nyangwe zvakadaro tiri kugara senyope, sokunge tiri kushamisika. "Hamheno, handizive kuti zviri kureva ini here? Handizivi kuti zviri kungoreva che—chechi here, iri yose. Kana—kana, handizive kuti ini ndiri kunyatsoverengerwawo here mune Izvi?" Ndinofunga kuti, Svondo mangwanani, ndichaedza kutaura pamusoro pezvimwe zvitevedzwa zvinogona kutijekeserawo zvishoma.

32 Zvino, manheru ano, ndine zvandawana, ndangovhura pazviri, ndisati ndauya kuno. Ndambofunga kuti, "Ko zvikaita kuti Hama Neville, kana ndikaenda ikoko, ivo vobva vati, 'Simukai mutaure,' zvino vobva vogara pasi"? Maona? Ini ndabva ndafunga kuti, "Regai ndinyore pasi Magwaro akati kuti." Nokuti, ndinoziva, ivo, ihama yakaisvonaka, uye ti—tinovayemura.

33 Tisati tanamatira Shoko, ndiri kuda kucherechedza imwe—imwe hama. Handisi kukwanisa kana kudaidza zita rake panguva ino, vaviri. Vari pano, ishamwari dzangu. Va . . . Vashumiri nevavhangeri, kwavanoenda, kunze uko. Vakanzwa Mharidzo idzi patepi. Zvino vanobva mumachechi emasangano akasiyana, varume vechidiki vaviri. Zvino mukomana ari kunyanya, mumwe wacho ari kunyanya kuzvifarira, zvokuti wakatouya nendege, kuTucson, nguva shoma ichangopfuura, pakuvhara kwemusangano. Ndinotenda ndakange ndiri paBusiness Men's Breakfast. Zvino mujaya uyu, mujaya akanaka, akauyako. Zvino ano . . .

34 Vanobva kuKansas. Zvino vabva kwose ikoko kuti vauye pano kuti ndivachatise. Izvozvo ndinozviyemura. Kufunga kuti pane vanhu vanotenda muminamato yako, zvakakwana, kutenda kuti Mwari anonzwa nekupindura; vanhu vechidiki vari kungotanga muhupenyu, saizvozvi. Zvino pavakasvika kuno kuti ndivachatise, nezuro, takazoona kuti mitemo yemudunhu rino remuIndiana inoda, kunyangwe zvavo vakange vakawongororwa ropa ravo, kuti vamirire mudunhu rino, kwemazuva matatu, vasati vachatiswa. Saka, havakwanise kuchatiswa kusvikira mangwanani eChishanu.

35 Zvino ndichakumbira hama yedu iyo iri kwekupedzisira, kuti angosimuke otiudza kuti iye ndiyani, nekamusikana kake kakaisvorurama ako, pamwe nehama inotevera.

36 [Hama inoti, "Maita henyu, hama Branham. Irombo rakanaka kwandiri kuva pano. Zvino ini ndini . . . Hama Roger uye ndinogara kuKansas, ndinofamba munyika, semuvhangeri, ndichitaura kuti, 'Jesu anoponesa, anopodza, nokutenda muna Jesu . . . ? . . . ' Ndinowanzotakura . . . ? . . . Uyu musikana wangu, Patricia Brown. Tiri kuzochata, musi weChishanu. Muvhangeri pamwe chete neni nemushandi pamwe chete neni, Hama Ronnie . . . ? . . . kwekupedzisira. Uye vaPeetree vari pamwe chete . . . ? . . . "—Mupepeti.]

37 Maita henyu, zvikuru. Zvirokwazvo isu tinoshuvira vamirriri vechidiki ava, pabasa raIshe Jesu, maropafadzo aMwari, kuti agovafambisa zvakanaka panzira. Zvino ini pandanga ndichifunga, ndakamirira Kuuya kwaShe, uye ndichiona varume vechidiki nemadzimai echidiki vane chinangwa mumoyo, chekushumira Kristu, izvozvo

zvinondifadza, munoona, kuvaona vachikura saizvozvi. Mwari vakuropafadzei, zvikuru, hama yangu, hanzvadzi.

38 Zvino ngatizarurei Bhuku duku randisati ndambotaura kubva mariri kumashure kwose, muhupenyu wangu. Zvino rakaisvo . . . Rinongova chitsauko chimwe chete, Bhuku raFiremoni. Uye raka . . .

39 Ini ndiri muIrish zvishoma, zvino ndi—zvino ndine waya yakapoteredza mazino angu epazasi, kuti ibate mamwe matadza agare panzvimbo. Dzimwe nguva ndinotadza kududza mazita aya zvakanaka, kunyangwe ndichinyatsoziva zvaari. Uye dzimwe nguva handikwanisi kunyatsoadudza zvakanaka, nokuda kwekushaiwa dzidzo yakakwana. Saka, "Firemoni," mumwe ataura kudaro kumashure uko, ndizvo zvandinofunga kuti ndiwo mataurirwo aro chaiwo.

40 Zvino, vhesi rekutanga, ini ndiri kuda kutora inzwi rimwe chete kana maviri kubva imomo.

Pauro, musungwa waJesu Kristu, . . .

41 Zvino ndizvo zvandiri kuda kushandisa manheru ano, semusoro wenyaya, Ishe vachitendera, unoti: *Musungwa*.

42 Zvino, haungambozvifungidzire kuti Pauro angazviti musungwa. Munhu akaberekwa akasununguka, akazadzwa neMweya Mutsvene, asi kunyange zvakadaro iye anozviti "musungwa."

43 Zvino tinoona kuti, paanotaura kuvaKorinde, "Pauro, muapostora waJesu Kristu." Pane imwe nguva, "Pauro, muranda waJesu Kristu nokuda kwaMwari," paanenge achitaura naTimotio, nevamwewo vakasiyana. Iye zvino paari kunyorera kuna Firemoni pano, akati, "Pauro, musungwa waJesu Kristu." "Pauro, muapostora," ndichada kuzozviparidza pane umwe usiku. "Pauro, mu—muranda," ndozviparidza. Uye zvino, "Pauro, musungwa."

44 Asi, manheru ano, nokuti zvingatotora maawa akawanda kuti tinyatsowongorora zvakanaka chimwe chezvidzidzo izvi, ndiri kuda kutora, manheru ano, "Pauro, musungwa," ndotora musoro wekuti: *Musungwa*.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana.

45 Ishe Jesu, munhu wose, ane simba panyama, anogona kuvhura mapeji eBhaibheri iri, asi Mweya Mutsvene oga ndiye anokwanisa kuRidudzira nenzira yezvarinonyatsoreva. Tinomukumbira kuti Auye zvino kuti atibatsire kunzwisisa kuti zvaimborevera, kuna ani, muporofita mukuru uyu, ane simba, Pauro, asi achizviti "musungwa." Dai Mweya Mutsvene akazarura izvi kwatiri apo takamirira paAri, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

46 Zvino ndinogona kufungidzira kuti, Pauro, paakanyora tsamba iyi kuna Firemoni, akange agere mujeri, ari zasi

mukati metirongo reguta iri, mu—mu—musungwa. Uye aigona kunyatsonzwizisa, nokuda kwechinhano chake kuti izwi iri rairevei. Akanga akapoteredzwa ne—ne—nemasimbi. A—aingokwanisa chete kusunungurwa ndokunge patoita mumwe munhu anenge atozomusunungura. Uye aiziva zvazvaive kuve musungwa. Uyewo, zvakare, ndinotenda kuti mu—muapostora aireva zvainge zviri zvishoma . . . kwete chaizvo asiri kutaura pamusoro pechinhano chake chenguva iyoyo, chokuva musungwa panyama yake—yake agere mujere iri—iri. Asi ndinotenda kuti akange achitaura pamusoro pokuva kwake—kwake, mweya wake—wake—wake, kuda kwake, ari musungwa waJesu Kristu.

47 Zvino, tose tinoberekwa, tiine kodzero dzekuzvisarudzira, kuita sarudzo yatinenge tichida. Mwari vanozviita mukururama. Nokuti, vanofanirwa kuisa munhu wose pahwaro imwe chete, kana kuti vakaisa munhu asiri iye pa . . . Vakaisa munhu wepakutanga pahwaro isiri iyo, kuti vakamuisa pakuzvisarudzira. Maona? Takangofanana, manheru ano, naAdhama naEvha. Hapana mutsauko. Chakanaka nechakaipa zviri pamberi pemumwe nemumwe wedu. Hupenyu nerufu, tinogona kuita sarudzo yedu; zviri kwauri, kuti uiite. Maona?

48 Ndiyo nzira yazvakaitwa naAdhama naEvha, uye, onai, zvino—zvino vakatora sarudzo isiri iyo. Uye zvino, nokudaro, vakaisa rudzi rwose, rudzi rwevanhu, pasi perufu, pemutongo werufu.

49 Zvino Mwari wakaburuka ari muchimiro chemhunhu ndokutora rufu rwacho, ndokubhadhara mubairo werufu, kuti . . . vanhu Vake vaishuvira kuva—kuva vakasununguka vasunungurwe.

50 Zvino, dai akatitora isu, nenzira yakasiyana neyaAkatora nayo Adam naEvha, ongotizvuva nepamwe panhu, oti, "Ndichakuponesa kunyange uchida kana usingade kuponeswa," zvinoreva kuti Akange aisa Adhama naEvha pa—pahwaro husiri ihwo, muri kuona. Asi mumwe nomumwe wedu anofanira kusarudza, zuva ranhasi, pakati perufu nehupenyu. Tinokwanisa kuzviita.

51 Sokutaura kwandamboita, kana chiedza chako chichiratidza, hupenyu hwako hunoratidza divi chairo rauri. Handina basa nokuti iwe unoti uri divi ripi. Zvaunoita, mazuva ose, zvinoratidza zvauri. Makambonzwa chitaurwa chakare chinoti, "Hupenyu hwako hunodanidzira zvikuru, zvokuti handinzwe chapupu chako." Maona? Mabasa ako—ako ane ruzha.

52 Ini ndagara ndichitenda mukudanidzira nekuchirika. Asi ndinogarawo ndichiti, "Usasvetuka zvinodarika hupenyu hwaunorarama, nokuti ndizvo zvichange zvakatariswa nenyika." Maona? Unofanira kuchirika zvinoenderana

nehupenyu hwauri kurarama, saka, nokuti mumwe munhu akakutarisa. Uye zvino kana . . .

53 Vanhu havachauyi kuchechi. Ivo—ivo, vazhinji vavo, havachadi kana kutombouya. Zvino vamwe vavo, vasiri kuuya, vanhu vakatendeka. Vaona kuwora kwakanyanya muchechi, kusvikira pokuti havachatombodi kuwana chimwe zvacho chavangaite pamusoro pazvo. Zvino nguva zhinji, tiri kutaura pamusoro pepfungwa yakanyatsonangana nenyaya yacho, haungavawanire mhosva, munoona, nokuda kwe—kwemaitiro evanhu. Vanozviti Makristu. Ndivo chigumburiso chikuru icho chakambovapo munyika, murume nemadzimai anopupura kuti Mukristu, zvino achirarama zvinopesana nezvaanopupura. Ndizvozvo chaizvo.

54 Zvino, nokuti zvigumbuso zvichauya paKutongwa. Zvino, mutadzi, mubiki wedoro, mutambi wenjuga, mhombwe, ha—haakanganisike paanonzwa mutongo wake uchiverengwa, "Kuenda kumoto usingaperi." Haambokanganisike. Asi muchinda uyo arikuedza kuzvivanza seri kwedzidziso yechechi, ndiye munhu achagumbutswa paZuva reKutongwa. Maona? Anozviti Mukristu, asi achirarama neimwe nzira. Zvingatodai zvakamuitira zviri nani dai kubva pakutanga asina kutombobvira awana chaaipupura, achitanga, pane kutanga worarama zvimwe zvakasiyana. Nokuti, ndiye chigumbuso chikurusa chatiinacho, uyo mupupuri anozviti iye—iye—iye Mukristu, asi achirarama zvimwe zvakasiyana.

55 Nguva dzose, usayere hupenyu hwako nokuda kwehuwandu hwesimba rako rokuita zvishamiso. Uye hatizviyere nokuda kwehuwandu hwezivo yeShoko yaunenge uinayo. Asi zviyere nguva dzose, tarira kumashure wogonzvera mhando yemuchero uri kuberekwa nehupenyu hwauri kurarama panguva ino. Maona?

56 Sokuparidza kwandakamboita nguva yapfuura, pamusangano wevezvemabhizimu kuPhoenix, Arizona, yekuratidza chadzera chaJesu, kuratidza Hupenyu hweChikristu. Ndakati ini ndakaberekerwa kuno muKentucky, inzvimbo yakasaririra kumashure pabudiriro, kunyanya kare pandakanga ndichiri mwana mudiki. Zvino paive nekamwe kamukomana kadiki kasina kumbova ne—ne—ne—nemusha sewedu kuno, uko kwataiva nemadzimai mazhinji akarurama zvikuru vaifanira kutozvitarisa muzviringiriro, muimba yose, kuti vachengetedze vhudzi ravo riri panzvimbo yaro, nezvimwewo zvakadaro. Asi akange aine kachiringiriro kake kadiki, kaingova kachidimbu kakange kakapfekerwa pamuti wakange uri panze, paiva nebhenji rokugezera, paigezerwa naamai nababa vake, nekukama vhudzi ravo, nezvimwewo zvakadaro, kubva pakachidimbu aka kechiringiriro chitsaru kakange kakapfekerwa pamuti.

57 Zvirokwazvo, ndiyo mhando yemusha watakange tiinawo. Kana paine aida kutarisa muchiringiriro, isu vana, taitotora bhokisi tokwira pabhenji rokugezera, zvino totarisa mukachidimbu aka ke—kechiringiriro kandakange ndanhonga, ini, kunorasirwa marara. Kwakange kusiri uko kuKentucky. Ndekuno kuIndiana, uko kumusoro kuUtica Pike.

58 Zvino, kamukomana kadiki aka kakange kasati kakambozviona saizvozvo. Zvino, akauya muguta, kuzoshanyira ambuya vake. Zvino pa . . . paaifamba achiona mumba, ambuya vaive neimba yakange iine chiringiriro chakazara chaive chiri pamukova. Zvino, kakomana kaduku, pakaimhanya kachipfuura ne—nemumba, kakaona kamwe kakomana kadiki pamberi pake. Uye kakomana kadiki aka kakange kachimhanyawo, zvakare. Saka akafunga kuti aifanira kumbomira kwenguva shoma kuti kawone kuti kakomana kadiki aka kaizoitei. Zvino paakamira, kakomana kadiki kakamira. Paakatendeutsa musoro wake, kakomana kadiki kakatendeutsa musoro wako. Akakwenya musoro wake, kakomana kadiki kakakwenya wako. Pakupedzisira, ndokufamba achiswedera pedyo, kuti anyatsowongorora. Zvino akabva atendeuka. Amai vake vainge vachimucherechedza, pamwe naambuya, achishamisika. Ndokuti, "Ko, amai, ndini uyo."

59 Zvino ndakataura, kuti, "Isuwo, zvakare, tiri kuratidzira chimwe chinhu." Maona? Hupenyu hwedu huri kuratidzirwa.

60 Uye zvino, dai takararama mumazuva aNowa, idivi raani rataitora? Idivi ripi ratainge takatora muzuva guru rakararamwa naNowa? Idivi ripi ratainge takatora mumazuva aMosesi? Idivi ripi mumazuva aEria, muporofita, apo nyika yose yakange yakaputirwa mu—muhuwandu huzhinji hwe—hwechimanjemanje, saJezebheri wechimanjemanje, akanga atsautsira varanda vose vaMwari pamafambiro emunyika? Zvino chechi nevaprisita vakange vose vachigwadamira mudzimai uyu. Ungadai here wakatora divi remukurumbira, kana kuti ungadai wakamira naEriya?

61 Zvino, mumazuva aIshe Jesu, apo patinofunga pamusoro peMunhu uyu akange asina mukurumbira, asina kudzidziswa panyika, hapana zvikoro zvavaikwanisa kuwana zvokuti ndiko kwaAkamboenda, uye asina—asina chiitiko chechikoro chebhaibheri. Uye—uye ndokukura aine zita rokunzi "mwana weupombwe." Zvino obva auya, achiparidza vhangeri rinopesana nezvese zvavakambodzidziswa. Zva . . . Uye achipomera vashumiri nemasangano avo, nezvimwewo zvakadaro.

62 Zvino masangano akange aita chi—chi—chitaurwa, "Kana pakawana ani zvake anongoenda kunonzwa uyu arikunzi muporofita, anodzingwa kubva musinagoge," icho chaive chiri

chi—chivi chikuru. Vaifanira kuzozvipindurira. Nzira yoga yavaikwanisa kunamata kunge vari pasi peropa regwayana. Vaifanira kuuya kuchipiriso ichi. Zvino—zvino zvadaro vaizove vana murambiwa, chaive chinhu chaireva zvinhu zvikuru.

63 Zvino Murume uyu akafuratirwa zvakadai. Nyangwe zvakadaro Akange achienderana zvizere nemaGwaro, asi kwete nenzira yemaziviro avaiAita. Idivi ripi raungadai wakatora? Maona? Zvino, musa . . . Hupenyu hwako hwauri kurarama iye zvino, hunoratidza iye zvino zvaungadai wakaita ikoko, nokuti uchakabatwa nomweya mumwe chete. Maona? Kana ukatora divi iro zvino, pamwe navo, ungadai wakazviita ikoko. Nokuti, mweya mumwe chete uri mauri iye zvino wakange uri muvanhu kare. Maona?

64 Dhiyabhorosi haatore mweya wake; anongobva pane mumwe munhu achienda pane mumwe.

65 Mwari havambotori Mweya waVo, zvakare; Unobva pane mumwe uchienda pane mumwe. Maona?

66 Zvino, Mweya mumwe chete wakanga uri pana Eriya wakaenda panaErisha, mumwechete iwoyo pana Johane Mubhabhatidzi, nevamwe.

67 Mweya Mutsvene, wakange ari pana Kristu, wakaburukira pavadzidzi, zvichidzika zvakadaro, uye achiripo pavanhu. Muri kuona? Mwari havatore Mweya wavo.

Zvino tasiyiwa, kuti titore sarudzo.

68 Zvino ini—ini hapana pandiri kuona pano apo Pauro paaizvidemba nezvechimwe chinhu, uye achiti ane urombo nokuti akange ari musungwa. Asi akange achizvitaurira . . . Ndinotenda kuti Pauro, paainyora tsamba iyi nechinyoreso ichi, kuti aive Mweya Mutsvene waimukonzera kuti anyore izvozvo. Kuti, pamwe, kunyange manheru ano, tigokwanisawo kutora musoro wenyaya yedu kubva mumagwaro, kuti tiratidze chikonzero chekuti sei Pauro akaita izvozvo. Nokuti, zviri muMagwaro, zvino Magwaro ndeemuna Zienda nakuenda. Ndinotenda, kuti, paakange agere mudima retirongo rakare iri, ndipo apo Pauro akanyorera kushamwari yake iyi, iya, hama yake, kuti akange ari "musungwa waJesu Kristu." Saka, aikwanisa kuzvitsanangura paaiona izvo zvakange zvakamupoteredza. Zvino, akange ari mutirongo, asi handizvo zvaaitaura nezvazvo, uyu—uyu muranda waKristu, mushumiri pamwe naye. Airevera kuti akange ari musungwa kuShoko raJesu Kristu, nokuti Kristu iShoko.

69 Uye Pauro akange ari mudzidzi mukuru muzuva rake. Akange aine vavariro yakakura kwazvo. Akange ari—akange ari—ari—ari murume akange akadzidziswa, nevanhu, nemuchinda wainzi Gamarieri, akange ari mudzidzisi mukuru muzuva rake, chimwe chezvikoro zvikurusa kwaaigona kunge

akaenda. Sezvakaita, tongoti, Wheaton, kana Bob Jones, kana chimwe chikoro chikuru chine dzidzo ine mitemo yakasimba. Akange akadzidziswa se—se—semushumiri weShoko. Zvino akange akadzidza zvikuru, akachenjera, uye ari mukomana akangwara akange aine vavariro yokuti pamwe rimwe ramazuva aizova muprisita kana muprisita mukuru kuvanhu vake.

70 Akange aine vavariro. Zvino kwave kuzoona, kuti, vavariro huru iyi yaakange akadzidzira, uye akange apedza hupenyu hwake hwose, kubva pamwe pazera remakore masere kana gumi, kusvikira ave nemakumi matatu kana makumi matatu nemashanu, paakapedza kuchikoro chikuru ndokuwana chitupa; zvino aive nemadhipuroma ake nezvimwewo, achigamuchirwa navose va—vaprisita, kunyange muprisita mukuru waive paJerusarema. Akange aine kurairwa kubva kwaari, zvekutotumwa naiye pachake, kwaakanyorerwa, zvino ndokukumikidzwa kumukuru uyu Sauro, "Kuti aende zasi kuDhamasiko kuti anowana avo vose ikoko vaishumira Mwari nenzira inopesana nezvaakataura, zvino ogovasunga nokuvakandira mutirongo. Kana zvichikodzera, akange aine rairo yekuuraya, kana achinge ada." Akange ari . . . Akange aine vavariro huru.

71 Uye zvino, zvose zvaakange adzidzira, Mwari vakazviburitsa zvose kubva maari. Maona? Uye icho chaive chiri chinangwa chake, neizvo baba vake vakange vapedzera mari yavo pazviri, nezvinangwa zvababa naamai vake, zvose akazvitorerwa nokuda kwekuti—kwekuti Mwari vakange vainewo zvimwe. Nokudaro, akange ari musungwa wechinangwa chaaive nacho muhupenyu, zvino akazove musungwa waJesu Kristu, Uyo aiva Shoko.

72 Iyi nzira yekuDamasiko yakashandura Pauro. Achidzikako, senguva dza eleven o'clock, zvichida, muzuva, iro raakaroverwa pasi. Zvino akanzwa Inzwi, richiti, "Sauro, unoNditambudzireiko?" Zvino akatarisa kumusoro. Achitarisa kumusoro, semuJudha, akaziva kuti iyi Shongwe yeMoto yakange iri Ishe vakatungamirira vana veIsraeri, nokuti aiziva kuti ndizvo zvaYaive.

73 Rangarirai, muHebheru uyu haaikwanisa kudana chimwe chinhu "Ishe," vara guru I-s-h-e, Elohim, kunze kokunge atogutsikana kuti ndizvo zvaAive, nokuti aive mudzidzi akarairidzwa. Zvino paakatarisa kumusoro, ndokuona Ichi, Chiedza, Shongwe yeMoto yakange yatungamirira vanhu vake nemurenje. Zvino akati, "Ishe," Elohim, vara guru I-s-h-. . . "Ishe, Ndimi Aniko?"

74 Uye kwakave kushamisika kukuru kwakadini kune uyu mudzidzi webhaibheri, kunzi, "Ndini Jesu," iye Wacho waakange achirwisa zvikuru. Kwakave—kwakave kutendeuka kwakadini! O! O! Chinofanira kunge chakave chinhu chakatyisa

murume uyu zvikuru, kuti vavariro dzake dzose dzaaive nadzo, kwave kuzoona, kamwekamwe, kuti ange achidzitambudza. Vavariro dzake dzakange dzamutinhira ku—kure kwazvo kwechinhu chakakosha icho chaaida kuita. Uye kwakave ku—kukatyamadzwa kukuru kwakadini, kumuapostora uyu, apo paAkati, "Ndini Jesu," iye Wacho waainge ari kutambudza. "UnoNditambudzireiko?"

75 Chimwe chitaurwa chidiki chatingangodonhedzera iye zvino. Munoona, pavanozvidza Chechi, zvirokwazvo vanenge vasiri kuzvidza Chechi, vanenge vari kuzvidza Jesu. "Ko unoNditambudzireiko?" Ko zvakaitika sei kuti Pauro, nenjere dzake dzose, atende kuti Uyu akange . . . kuti Boka iri raakange ari kutambudza ndiro raive wacho Mwari waaiti arikushumira? Ndinofunga kuti, tisingapinde hedu pakunyatsodononongodza, ndinofunga kuti tose takadzidziswa zvakakwana kuti tizive zvandiri kureva pano. Chinhu chimwe chete ichochi chiri kutoitika nhasi.

76 Pauro, kubudikidza nokusaziva, kunyangwe akange akangwara nekuchenjera, akachenjera kudarika vaGarireya vakange vasina kudzidza avo vaaitambudza, vakange vatogamuchira mukuzvininipisa kwavo Murume uyu saIshe. Asi, Pauro, mukudzidza kwake kukuru nenjere dzake, akatadza kuzvigamuchira. Zvino kwakave kutendeuka kwakadini kwaakazoita, panzira iyi. Zvino akarohwa nehupofu, kuitira kuti asaite zvaakange atumwa, asi akatungamirirwa kuenda kune imwe nzvimbo iri munzira inonzi Straight, kumba kwemumwewo.

77 Zvino kwakazouya muporofita ikoko, aiva nezita rokuti Ananiasi, uyo akamuona muchiratidzo, achiuyako, ndokuona paakange ari, ndokuendako kwaakange ari, ndokupinda. Ndokuti, "Hama Sauro, Ishe vasangana nemi munzira umo; vandituma, kuti ndikuturikei maoko angu pamusoro penyu, kuti mugamuchire kuona kwenyu uye mozadzwa neMweya Mutsvene."

78 Onai kwaaive. Chakave—chakave chimwe chinhu kuna Pauro! Maona? Zvaipesana nezvose zvaakange akadzidziswa kuti aite. Saka zvino, ne—nedzidzo yose yaakange ave nayo, yaka—yakange ichisisina basa kwaari.

79 Zvino, aiziva kuti akange ave nechiitiko. Saka hechinoi chimwe chidzidzo chedu chakanaka, chokuti, chiitiko choga hachina kukwana. Chinofanira kuve chiri chiitiko chinoenderana neShoko raShe. Saka, iye achiona izvi, uye nekuziva kuti Chaive Chinhu chikuru, panguva iyoyo, icho mumwe munhu akatenge atoChigamuchira iye asati, akatora makore matatu nemwedzi mitanhatu ari mu—mugwenga muArabia; akatora Bha—Bhaibheri, sezvaraive panguva iyoyo, Testamende Yekare, zvino ndokuendako, kuno—kunoenzanisa

chiitiko ichi chaakange awana, kuti awone kana Changa chichienderana neMagwaro.

80 Zvino dai akati, "Hamheno, ndinofunga kuti pangoitawo kakuvhuvhuta kemhepo," oenderera hake mberi? "Ndichatevera pfungwa dzangu"?

81 Zvino, aifanira kutozova musungwa wechimwe chinhu, tirongo. Zvino mushure mokuchienzanisa, uye achizviona, ndokusaka akakwanisa kunyora bhuku ravaHebheru, mumufananidzo. Maona? Makore matatu nechidimbu ari zasi ikoko, ari muShoko, achiwona kuti Mwari mumwe chete akange amudana akange ave kumudzora, achishandura papfungwa dzake dzose, achishandura zvose zvaakambofunga, zvose zvaakange adzidzira kuve. Vavariro yake yose, akaisuka kubva maari, zvino iye akave musungwa. Rudo rwaMwari rwakange rwamushamisa zvikuru, uye nechi—chizaruro chakadzama, chaakanga asingakwanisi kubva paChiri.

82 Ndicho chiitiko chechokwadi chemutendi wose wechokwadi anonga asangana naMwari. Uno—unosangana neChimwe chinhu chikuru, zvokuti uno . . . zvokuti—zvokuti unobva wave mu—musungwa, kuzvinhu zvose. Maona? Uno—unobva pane zvinhu zvose, wozviita musungwa weIchi.

83 Zvinotaurwa pane imwe nguva apo Jesu akati, "Humambo hweKudenga hwakafanana nemunhu ari kutenga maparera. Zvino paanowana Parera rakakosha iri, anotengesa zvose zvaainazvo, kuti aRiwane."

84 Zvino ndizvo zvazviri pano. Iwe—iwe une kunzwizisisa kwepfungwa, une chiitiko che—che—che—chefundo yebhaibheri; asi zvikazosvika panguva yokuti wa—wa—wanyatsowana Chinhu chechokwadi, uno—unotengesa zvimwe zvose, zvino wobva wazvivharira mune Ichi.

85 Pauro aiziva kuti chaive chii. Aka—akazviona kuti akange akabopwa kune chimwe Chinhu. Sokuisa kwatinoita bh—bh—bhiza mahanisi, kuti—kuti rigodhonza chimwe chinhu. Zvino Pauro akaziva, mushure mechiitiko ichi, pamwe nemakore matatu nechidimbu okufananidza chi—chiitiko chake, neBhaibheri, akacherechedza kuti Mwari vakange vamusarudza uye vakange vamuisa mahanisi neMweya Mutsvene, chiitiko chaakawana, kuti azvuvire Vhangeri muhupo hwevaHedheni. Iwo Mweya, pachezvaWo, wakamuisa mahanisi.

86 Zvino, nhasi, sevaranda vaKristu, tinoiswa mahanesi, takasungirirwa. Hatina kwatinokwanisa kuenda. Takabatanidzwa pamwe chete naRo, takasungirirwa kuShoko. Zvisineyi zvingataurwe naani zvake, wakabatanidzwa kwaRiri. Pane chimwe chinhu paRiri, chokuti haukwanise kubva paRiri. Wakabopwa pamwe naRo, neMweya Mutsvene, wakakusungirira kuShoko. Zvisinei zvingataurwa naani zvake,

iShoko. Kugara wakasungirirwa pamwe chete naRo, kuiswa mujoki pamwe chete naRo. Akabopwa, kuShoko, neMweya.

87 Akange adzidza ari se—seri uko kwerenje reArabia. Apo, zvinhu zvake zvose zvepakutanga, nezviitiko, nevavariro, kuti, akange akurururwa zvinhu zvose izvi.

88 Zvino, ndipo patinoona, nhasi, kuti tinofanira kukururwa, pakutanga. Zvino vanhu havadi kukururwa. Hama yechiMethodisti inoda kubatirira kune zvishoma zvedzidziso yayo yechiMethodisti. Uh-huh. Hama yechiBhaptisti inoda kubatirira kune zvishoma zvedzidziso yayo yechiBhaptisti. Maona? Asi unofanira zvemazvirokwazvo kusvuurwa zvose, woberekwa zvakare, patsva. Zvino wotangira kubva ipapo, worega Mweya Mutsvene kuti akutungamirire. Haugoni kuzoti, "Asika, zvino, baba va—vangu vakati, pavakapinda, vakaenda muchechi, vakakwazisana nemaoko nemufundisi. Ivo, ivo inhengo yakanaka yakatendeka." Zvinogona kunge zvakange zvakavanakira panhangemutange yavo, asi isu tiri mune imwe nhangemutange. Maona? Zvino tinofanira kudzoka kunguva dzeBhaibheri dzezuva rino.

89 Maprisita akange akaiswawo mahanisi, zvakare. Asi, munoona, vakange vapinda mune chimwe chizvarwa, zvino va—vakatadza kukurura hanesi ravo rakare zvino voisa hanesi itsva.

90 Zvino ndizvo zvimwe chete zvatinowanawo nhasi. Isu takapfuura nemuzera remasangano, sekuzviratidza kwatakaita nemumazera echechi, nemuBhaibheri, nezvimwe zvakadaro, asi tasvika zvino pazera rakasununguka, apo Mweya Mutsvene pachaKe anoburuka osimbisa Oga, oZvizivisa, oita kuti vimbiso yose yaAkavimbisa, izadzikiswe. Oh, ini zvangu! Inguva huru!

91 Uye aiziva kuti, chimwe chinhuzve, akange asingakwanise kuenda kune nzvimbo dzose. Nokuti, akange akasungirirwa kune Ichi, akange asingakwanise. Zvaaiita, asi iye—iye aida kuenda. Aiziva kuti vavariro yake yaimukwevera pakati pehama dzainge dzamukoka kuti auye, asi zvakadaro aizomanikidzwa muMweya kuita zvimwewo zvinhu. Aiva nemuridzi.

92 Kuda mumwe munhu aigona kuti, "Hama Sauro, Hama Pauro, tinoda kuti muuye kuno, nokuti ndisu tinechechi huru kudarika dzose. Isu tine ungano yakakura kudarika dzose. Mupiro wenyu unenge wakakura, nezvimwe zvakadaro."

93 Asi paakamanikidzwa muMweya, akafunga, "Ndine hama iri uko. Ndinoda kuenda ikoko ndinoponesa hama iyi, ndimuunze kunaShe." Asi, zvakadaro, Mweya wakamumanikidza kuendawo kumwe. Akange ari musungwa. Zvemazvirokwazvo.

94 O Mwari, tiiteiwo vasungwa vakadaro, kubva kuvavariro yedu ine undini, uye nokubva pane mawonere edu ezvinhu

nemafungiro edu atinoti ari nani, kuva musungwa waJesu Kristu. Ndinofunga kuti chaive chitaurwa chikuri, chokuti, "Ndiri musungwa waJesu Kristu."

95 Uye rangarirai, iYe iShoko. Maona? Zvisinei nezvinofungwa naani, iShoko. Maona? Kana uri musungwa kuShoko, hapana sangano rinokwanisa kukubvisa paRiri. I—iShoko. Unongori . . . Uri musungwa kwaRiri, ndizvo zvoga. Unofanira kuita nenzira yaRinozviita.

96 Zvino, akange asingakwanise kuenda kune dzimwe nzvimbo dzaaida, nokuti (sei?) Mweya waimurambidza. Rangarirai, nguva zhinji, apo Pauro aiedza kuenda kune imwe nzvimbo, achifunga kuti, "Ndiko kwandinogona kuva nemusangano mukuru," asi Mweya waimurambidza. Zvino, zvinonyatsoratidza here nepachena zvichisimbisa kuti Pauro aive musungwa? [Ungano inoti, "Amen."—Mupepeti.] Musungwa waJesu Kristu, akasungirirwa kuShoko Rake, ne Mweya! O! Ndinozvifarira izvi. Uh-huh.

97 Aive akasungwa. Aive akasungwa nengetani, nemakashu erudo, kuti aite kuda kwaMwari, uye iko kwega. Aive musungwa. Aive mumakashu erudo. Akange ari pajoki pamwe naKristu. Hapana chimwe chaaigona kubopwa pamwe chete nacho. Akange akabopwa pamwe chete naYe. Zvino kwaienda Mutungamiri, ndiko kwaaifanirwawo kuenda. Zvisinei kuti mafuro acho akasvibira zvakadini, kudivi *rino* kana kudivi *iro*, waitofanirwa kuenda nenzira yaiendwa neMutungamiriri pamwe nejoki.

98 Oh, manheru ano, kana isu, seBranham Tabernacle, tikagona kuva vasungwa; pahunhu hwedu hwehundini, kuvavariro yedu, kuti tigonyatsozvipira zvakakwana tobva taiswa pajoki naYe, zvisinei kuti nyika yose inofunga kuti kudini, kana kuti nyika yose inoitei. Takasungiririrwa pajoki nemakashu erudo. Tiri vasungwa. "Makumbo angu akanyatsoiswa pajoki kuna Kristu, haatambe. Meso angu akanyatsoiswa pajoki kuna Kristu, kusvikira ini, kana ndikaona madzimai echimanjemanje asina kusimira ari mumugwagwa, Anotendeutsa musoro wangu. Moyo wangu—wangu wakanyatsoboperwa murudo kwaAri, kudzamara handichakwanisa kuva nerudo nenyika ino, zvakare. Kuda kwangu kwakanyatsoboperwa kwaAri, kudzamara iko zvino iniwo handichaziva zviri vavariro dzangu. Uko chete, 'Kwese kwaMuchatungamirira, ndichatevera, Ishe.' Ndichava musungwa." Maona?

99 Pauro akange ari musungwa wemazvirokwazvo. Akange asiri kutaura zvakatsauka. Akange akadzidziswa neMweya Mutsvene, zvakare, kumirira paShoko. Zvino, akange akambodzidziswa neimwe nzira, asi—asi Mwari vakazomudzidzisa neimwe nzira zvino. Akadzidziswa neMweya

Mutsvene kumirira panaShe, zvisinei kuti vavariro dzake dzakange dzakadini.

100 Zvino ini ndirikuda, ndichibatsirwa neMweya Mutsvene, kukuratidzai chimwe chinhu. Maona? Zvino ngatitorei chimwe chakamboitika.

101 Rimwe zuva, Pauro naSairasi, vaifamba vachidzika nemugwagwa mune rimwe guta mavaive nerumutsiriro. Zvino kamwe, kasikana kaive kakabatwa nemadhimoni kairamba kachimutevera, kachidanidzira kwaari. Uye pasina kupokana Pauro aizviziva kuti aive nemvumo, semuapostori, kutsiura mweya uyu kuti ubve mumudzimai uyu. Asi makambocherechedza here? Akamirira, zuva nezuva, kusvikira, pakarepo, Mweya Mutsvene wakataura naye, uchiti, "Ino ndiyo nguva yacho."

102 Iye ndipo paakati, "Iwe mweya, buda maari." Maona? Aiziva kumirira panaShe.

103 Zvino ndipo apo vanhu vazhinji nhasi pavanounza kushorwa kweShoko. Vanoenda vaine vavariro. Rumutsiriro rungani rwusina kuzobudirira nokuda kwechinhu chakadaro, nokuti muvhangeri anenge asina kumirira kuona kuti Mwari vanoti kudini! Vamwe vavo vanoti, "Uyai kuno," zvino vano—vanobva vaenda pakarepo nokuti sa—sangano rinenge rati, "Enda." Zvino Mweya Mutsvene anotaurawo zvakasiyana naizvozvo. Zvisinei, vavariro yemunhu uyu yokuda kuva mukuru wesangano, kana—kana zvimwewo zvakadaro, kana munhu mukuru mukereke, kana mubhishopi, kana chimwewo chinomukakata, "Unofanira kuenda." Nyangwe, zvakadaro, iye achinyatsoziva zviri nani. Mweya Mutsvene uchiti, "Enda *uku*." Maona? Akasungirirwa pajoki resangano rake. Iye musungwa wesangano rake.

104 Asi kana akasungirirwa pajoki naKristu, anotungamirirwa neMweya Mutsvene. Iye . . .?. . . Maona? Iye, akaiswa pajoki, musungwa. Hazvina mutsauko wazvinoita kuti ndiyani ane zvaanenge ataura; i—inongori—inongori—ndarira inorira nedare rinongoti ngwere ngwere. Anongonzwa chete Inzwi raMwari, zvino anongotaura chete paRinotaura. Hapana chaanotaura.

105 Mumwe munhu anoti, "O, o, Hama Jones!" Hama Roberts, kana mumwe, varume vane mukurumbira vari munyika yedu nhasi, saTommy Hicks, kana—kana—kana Oral Roberts, kana—kana Hama Tommy Osborn, vamwe vevavhangeri vakuru. Pakaita mumwe anoti, "Ko, uya kuno, Tommy. Uri munhu waMwari mukuru." (Kana Oral.) "Zvino ini—ini ndina—ndina baba mukuru varere kuno, vaka—vakasungwa. Zvino vari—vari kurwara. Ndinoda kuti uuye kuno. Ndinotenda kuti une simba rekuvapodza." Maona?

Zvimwe kuda Mweya Mutsvene anogona kuti kwaari, "Kwete iye zvino."

106 Asi, nokuti, ishamwari yemurume uyu, anosungirwa kuenda naye. Akasaenda, anobva ave mhandu yemurume uyu. Murume uyu anoti, "Asi, akaenda kuna *nhingi nangana*, akapodza mwana uya kana mukomana uya. Ndinozviziva kuti akazviita. Zvino ini ndanga ndiri shamwari yake, kwemakore akawanda, onaiwo, zvino haasi kuda kuuya kumba kwangu."

107 Asi akamanikidzirwa neMweya Mutsvene kuti asaende, zviri nani akasaenda, kana akaiswa pajoki panaMwari. Shamwari yake, anoida. Asi anofanira kutungamirwa neMweya Mutsvene kuenda ikoko, nokuti hazvizoiti zvakanaka, zvakadaro. Zvinoitika kwandiri nguva dzakawanda.

108 Asi Pauro aimirira Mweya kuti amuudze zvokuita. Akati, "Mirira pane Mweya." Akamira umwe usiku, achiparidza. Zvino akafamba achibudamo. Ndokuona murume akange akaremara makumbo. Zvino pakarepo, Mweya wakataura naye, iye akati, "Ndirikuona." Sei? Semaziviro mamwe chete aakaita kuti chikepe chavo chaizoparara, pane chimwe chitsuwa. Maona? "Ndiri kuona kuti une kutenda kwekupodzwa. Simuka netsoka dzako. Jesu Kristu akupodza." Maona? Hezvo izvo. Aka—akange . . . Akange ari pajoki. Aigona kunge akave nerumutsiriro rwesvondo rose ikoko poshaya chinoitika, asi zvakadaro aimirira Mweya Mutsvene kuti utaure. Maona? Akange akasungirirwa pakudhonza uku.

109 Zvino unoti, "Hama Branham, mave kuwanira mhosva zvamakataura musi weSvondo, zvekuti imi makange makamirira nguva yose iyi."

110 Zvino, asi, munorangarira, aive Mweya Mutsvene akataura neni uko munzira, akati, "Ndave kukutuma udzokere pakati pevanorwara nevanotambudzwa." Maona? Kunongova kuteerera Mweya Mutsvene. Handina kuenda kudzamara Iye andiudza kuti ndizviite. Ndakange ndakamirira ZVANZI NAJEHOVHA, kusvikira ndawana ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, izvi zvasiyana. Maona? Zvino, Iwo, Unoita kuti pave nemutsauko. Hongu.

111 Akamirira Shoko raMwari. Aimanikidzwa muMweya, kuita izvo zvoga zvaairairwa naMwari, nokudaro akazova musungwa waJesu Kristu. Vashamwari, dai tikangova vasungwa!

112 Ndinoziva kuti kuri kupisa. Asi ndi—ndinoda kudoma vamwe vanhu vashoma, kana muchinditendera. Ndine kuda vatanhatu kana vasere vandakanyora pano. Asi ndi—ndinoda kudoma mumwe wavo kana vaviri.

113 Ngatitorei munhu wainzi Mosesi. Akaberekwa ari mudzikinuri. Zvino ai—ai—aizviziva, kuti akaberekwa ari mudzikinuri.

114 Asi ndisati ndataura nezvaMosesi, ndiri kuda kuita chitaurwa, chokuti, Mwari nguva dzose vanongotora munhu

wose, anoVashumira zvakatendeka, kuti ave musungwa waVo. Munhu anofanira kusiya vavariro yose yaainayo, zvose zvaari, zvinhu zvose—zvose, hupenyu hwake, munhu wake wemukati, mutumbi, kuda kwake, vavariro dzake, uye nezvimwe zvose, achiva muhuzaro hwakakwana, musungwa waKristu, Uyo ari Shoko, kuti ashumire Mwari.

115 Pamwe unotozofanira kufamba zvinopesana, nemawonero ako ari nani. Pamwe, mune rimwe sangano, unogona kufunga kuti vanokwanisa kuzokusimudzira vokupa chimwe chinhu chikuru, chaunokwanisawo kutozoratidzira. Asi chii chaunozowana wava? Unozozviwana wakundwa, mushure mechinguva, kusvikira Mwari vawana munhu anoda kuva musungwa waVo.

116 Mwari vari kutsvaka vasungwa. Vagara vachizviita. Unokwanisa kuzvironda muMagwaro. Munhu anofanira kuva musungwa waKristu, zvichipesana nezvose. Saka, haukwanise kubatanidzwa nechimwe chinhu kunze kwaKristu; kunyange baba vako, amai vako, mukoma wako, hanzvadzi yako, murume wako, mudzimai wako, ani zvake. Wakabatanidzwa naKristu oga, uye Iye chete, ndipo Mwari pavanozogona kukushandisa. Zvisati zvadaro, haukwanise.

117 Patinobuda kunze, dzimwe nguva tinotaura zvakakwasharara kuvanhu. Maona? Ndi—ndiri kuedza kuti mudimure nokuzvisunungura. Unofanira kuva uine panhu paunotangira, sepanedzimwe nguva tinotsiura madzimai ari kugera vhudzi ravo nokupfeka dzimwewo nguwo, asi vachibatirira nokuchengetedza kupupura kwavo kwechiKristu. Ungati, "Chinhu chidiki." Zvinoka, une paunofanira kutangira. Saka chitangira ipapo, pama ABC ako. Maona? Uye ugodimbura maratidzikiro emunyika, zvakadaro, wova musungwa waKristu. Zvino woramba uchienda mberi, uchidimbura zvose, kusvikira gashu rokupedzisira radimburwa. Zvadaro wave—wave . . . Wave musungwa zvino. Unova mukubata kwaKe kwakasimba. Iye, Iye akuisa mukubata kwaKe kwakasimba.

118 Zvino, Mosesi aizviziva kuti akaberekwa ari mudzikinuri. Iye aizviziva. Uye macherechedza here, nevavariro yakanga ina Mosesi; tichiziva kuti amai vake vakange vamuudza ikoko, nokuti ndivo vaive mureri wake.

119 Pasina kupokana, pakaberekwa Mosesi sekamwana kacheche, amai vake vakati, "Unoziva, Mosesi, apo . . . Baba vako, Amuramu, neni takaramba tichinamata. Takaziva, uye tikazviwona muShoko, kuti nguva yakange yakwana yekuuya kwemudzikinuri. Zvino takanamata, 'Ishe Mwari, tinodawo kuona mudzikinuri.' Umwe usiku, Ishe vakatitaurira, muchiratidzo, kuti waizobarwa, uye waizove mudzikinuri wacho. Takange tisingatye murairo wamambo. Takange tisina hanyn'a nezvakange zvataurwa namambo. Ipapo, takaziva kuti

waberekwa uri mudzikinuri. Zvino, Mosesi, taizviziva kuti takange tisingakwanise kukurera zvakanaka."

120 Zvino rangarirai, vakange vagara ikoko, makore mazana mana muEgipita. Maona?

121 "Zvino isu—isu taida kukuwanira chi—chinhu chakafanira, dzidzo yakafanira, nokudzidziswa kwakafanira. Nokudaro, ndakakutora ndikakuisa mukaareka kaduku, ndokukuisa murwizi rweNile. Uye zvinoshamisa sei, kuti mvura dzaiyerera dzakatora kaarika kaduku aka ndokukayeredza nemutsanga nemumauswa marefu omumvura, ndokukaendesa zasi-zasi, kwemamaira anechinhambwe, ndokukatsautsira mumuzinda waFarao, uko wake. . . kwaive nemwanasikana waFarao, paive nechidziva chake chokugezera. Uye ndaka—ndakazviziva kuti aizoda mudzimai anokurera."

122 Zvino mumazuva iwayo, saizvozvo, vakange vasina mabhodhoro okurera nawo vana, saka aitofanira kuwana mu—mureri anoyamwisa. Nokudaro. . .

123 "Zvino, Miriami, ndakamutuma ikoko. Zvino iye ndokunomira ipapo, achibva ati, 'Ndinoziva kune mureri anogona kuyamwisa,' ndokuuya kuzonditora. Zvino, Mosesi, masuwo ose akapfigwa. Mudikani, wave nemakore gumi nematanhatu okuberekwa iye zvino, uye uchazova mwanakomana waFarao. Zvino rimwe ramazuva ndiwe uchazova mudzikinuri achaburitsa vanhu kubva muno."

124 Vavariro yaMosesi yakatanga kukura. "Ndichafunda, amai. Ndichafunda zvose zvandinokwanisa. Munoziva here zvandichazoita? Ndichadzidzira kuva munhu wehondo, zvino ndinenge ndave kuziva matorero andingazoita vanhu ava ndichivaburitsa muno. Ndichange ndiri mukuru wemauto, mubhishopi, saka ndichange ndichiziva maitirwo azvo. Uye ndicha—ndichaibudisa. Ndichawana Ph.D yangu kana LL. Ndichazviita."

125 Sa "Baba Chiniquy," kana makamboverenga mabhuku ake. Zvakanaka. Ari "kunodzikinura masangano ose anopikisa Roma," munoziva, zvino akazove mumwe wavo, pachake. Zvino, muprisita mukuru uyu, makore apfuura, "Baba Chiniquy," munofanira kuwana bhuku rake mugoriverenga. Vanomudana kuti, "baba." Anongori Hama Chiniquy, sezvazvaiva. Hakuna munhu watinodana tichiti "baba," saizvozvo. Saka tinowona kuti—kuti tino. . . Akange ave kunoverenga Bhaibheri, kuitira kuti ozobvako achienda kunoshaisa basa zvinamato zvose zvinopikisa Roma obva avaita vose Makatorike. Zvino paakaenda kunoverenga Bhaibheri, Mweya Mutsvene wakaburukira paari, ndokugamuchira Mweya Mutsvene, zvino—zvino akabva azova mumwe wavo.

126 Saka cherechedzai izvi, kuti Mosesi akawana kudzidziswa kwose. Nokuti, ai—aiziva. Akange akanyatsongwara,

akanyatsofunda, akanyatsotesva pfungwa! Kudzamara, hapana munhu . . . Aitokwanisa kudzidzisa vaEgipita. Kusvikira, pokuti aikwanisa kudzidzisa vashandisi vepfungwa. Aikwanisa kudzidzisa vakuru vavo—vavo vehondo kuti chinonzi masimba emuhondo chii. Akange ari munhu mukuru kwazvo. Uye vanhu vaitya Mosesi, nokuda kwehukuru hwake. O, kwaive kudzidza kwakadini! Zvangu Ini! Aive muachibhishopi, kana pamwe sapapa. Aive muchinda mukuru kwazvo. Uye akange ari mu—mu—murume mhare. Uye aiziva kuti akange aberekerwa kuita zvakadai, akange azvidzidzira, aine vavariro huru, yokuti azozviita.

127 Sezvazviriwo nhasi. Handisi kuti varume, varikudzidziswa muzvikoro umu, handirevi kuti . . . Sezvavari kuno kuMadokero zvino, vari kuda kuzovaka chikoro chebhaibheri nemari inoita iyo mamiriyoni zana nemakumi mashanu emadhora, munoona, maPentecosti, chikoro chemamiriyoni za—zana nemakumi mashanu emadhora. Kwandiri, inofanira kunge iri yemamishinari ari kunze pabasa. Maona? Maona? Maona? Asi, chingavei, chii chavanozoita kana vachinge vabuda kubva ikoko? Vanenge vari chii? Boka remariki. Ndizvo chaizvo. Zvino ndizvo zvavanenge vari pavanobudako. Zvagara zvakadaro, nevamwe vose, uye zvinongotora nzira imwe chete. Maona?

128 Zvino tinowona, kuti, apo, Mosesi, mukudzidziswa kwake kwose. Uye nhasi, nokudzidzisa kwose, kuita mabhishopi makuru nezvakangodarowo, vavariro huru, yepamusoro, tichadini? Vavariro dzedu dzinozongoitawo kuda sezvakange zvakaita dzaMosesi. Munoona?

129 Mwari, vasati Vatora munhu muruwoko rwaVo, Vaitozofanirwa kumukurura vavariro yake. Vaitozofanirwa kumukurura zvose zvaakadzidziswa.

130 Naiyewo akatoenda, ndokunodzikinura; akauraya muEgipita mumwe. Zvino iye, paakazviita, akazozviwona kuti akange akanganisa. Akange asingakwanise kuzviita. Yakange isiri iyo nzira yacho. Zvino Mwari vakazomutora ndokuenda naye murenje, mugwenga, munzvimbo yegwenga.

131 Cherechedzai, zvinoita sokushamisa, kuti varume ava, avo Mwari aiva neshoko ravo. Anovatora ovaendesa mugwenga.

132 Vakatora Pauro vakamuendesa mugwenga, kuti vamudzidzise, nokumuudza kuti chiratidzo chikuru ichi chakange chichimborevei, ari kunze mugwenga. “Enda kune rimwe renje.” Zvino akagarako kusvikira Mwari vamuzivisa zvakakwana pane zvaaizoita.

133 Zvino munguva yaMosesi, Vakamutora ndokumuisa mugwenga. Ndokumuchengetedza ikoko kwemakore makumi mana, ndokumubvisa dzidziso yake yose yebhaibheri nevavariro yake yose. O, yaive nguva yakadini, yokuti aigona kutarisa kumashure oona kukundika kwake. Uye nesuwo, manheru

ano, tinofanirwawo kuita chinhu chimwe chetezvo, patinoona vavariro yedu.

134 Tarirai pamisangano yekupodzwa kwevarwere, uye mugoona kana pane chimwe chinhu chakaitwa naMwari makore mashoma apfuura, kutanga kudzoreredza kupodzwa kuvarwere, nezvakadarowo.

135 Munhu wose, sangano rose, nokuda kwekuti haZvina kupinda musangano ravo, vakatozozvitsvakira mupodzi. Zvino chii chatakaita? Regai timbozvitarisa kwekanguvana. Takaita chinhu chimwe chete sechakaitwawo naMosesi. Takaenda tikaedza zvakasimba kugadzira chimwewo chishamiso. "Ndanzwa kunhuwa kwechirwere. Ndi—ndi—ndine ropa muruwoko rwangu," woita shura rokugadzira. Maona? Zvino chii chatakawana? Vamwe varume vari muzvinhanho zvakamanikana, havachina utano hwakanaka zvino vave zvidhakwa, mipengo, vane misoro yakasangana. Zvino vabva vadzokera uko kwavakange vambobva, vachibva pazvinangwa zvechiPentecosti, vachidzokera kunogadzira zvakare masangano nezvimwewo zvakare. Maona?

136 Chiiko chatakaita? Takauraya kuda muEgipita mumwe chete. Ndizvo chaizvo. Uye takaedza. Takadhonzerana. Takabhadhara. Takashingaira, tikapedza usiku hwose mushumiro dzemunamato, kusvikira tisisina inzwi. Noku—nokuedza kugadzira chimwe chinhu, nokubika chimwe chinhu, nezvimwe zvose zvakasiyana-siyana, zvino tozozviona zvakundika zvizere. Chatinoda kudzokera mugwenga. Ndizvozvo. Hongu, changamire. Misangano yemakembi, nekuita mutsimba. Tadiiko tangozviregera? Ndizvo zvamunofanira kutoita, munoona, dzokerai munozvisiya. Sei, takaita zvimwe chete zvavakaita, zvimwe chete sezvakaitwa naMosesi. Hapana chakanaka chazvinoita. Mushure memakore makumi mana, akazozviwana ave musungwa weShoko raMwari. Tinoedza kuitei?

137 Apo, pakauya maKomborero makuru, nokuratidzwa kwezvinhu zvose izvi zvikuru izvo Mwari vakange vatiudza pamusoro pazvo: kuti tinofanira kuberekwa patsva; nenzira yekugamuchira Mweya Mutsvene; rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu; nezvinhu zvose izvi zviri pano.

138 Munoona, vanhu, panzvimbo yokugara paShoko irori, vakasungirirwa paRiri, chii chavanoita? Vakatanga nedzidziso yavo yemasangano, yakange yatokundika nechekare, zvino voedza kugadzira chimwe chinhu kuti chiratidzike seChokwadi.

139 Regai ndidimburire ipapo. Maona? Ndine chokwadi chokuti mune uchenjeri hwakakwana kuti mukwanise kuziva zvandiri kureva. Maona? Asi, sei, tarirai zvazvaita. Pafungei ipapo.

140 Chiiko chatiinacho, manheru ano, kunze kwe—kwe—kwenyika yakazara vanhu vane hurongwa vanoramba maGwaro

aMwari; vanodana ihwo—ihwo—ihwo Hupenyu hweMweya Mutsvene, kuti, "Kwaive ku—kuverenga pfungwa dzevanhu," ivo vanoramba zvakadaro kuti zviuyewo muchechi yavo. Zvino havazokutenderi kutaura Shoko rimwe chete pamusoro pembeu yenyoka, chengetedzo yeKusingaperi, nezvinhu izvo Mweya Mutsvene akazarura nokuratidza kuti iShoko. Ndakapikisa ndapikisazve, kuti paite anouya onyatsozviratidza kwandiri kuti zvakatsauka.

141 Chii chavainacho? Chinhu chimwe chete chakange chiina Ruther, nevamwe vose, munoona, vakauraya muEgipita mumwe. Chii chinofanirwa . . . Chaive chii? Pamwe akangoita kuti mumwe munhu atange . . . aregere kuba, kana kuti ararame zvakatendeka kumudzimai wake. Asi chiiko chamakamuita kuti ave mushure meizvozvo? Nhengo yechechi. "Uya ujoinhe boka redu." Maona?

142 Munhu uya akafa akange ave gutukutu ndicho chinhu choga chaaikwanisa kunongedzerawo nechigunwe chake, sebudiriro yake, padzidzo yemakore makumi mana; muEgipita ainhuwa zvikuru akange arerepo, awora akafa.

143 Ndizvo zvazvakada kuitawo manheru ano. Chinhu chimwe chete chatinogona kunongedzera, kurumutsiriro urwu rwayambukira (tingangoti), rinongova boka riri kunhuwa renhengo dzechechi vasingazive Mwari sekusazivawo kunoita muHotenitoti pamusoro peusiku hwemuEgipita. Ndizvozvo. Kana, ukavaudza nezveShoko raMwari, vanoti, "HandiZvitendi." Vanoti, "Handina basa nezvavanotaura. HandiZvitendi." Maona? Maona? Chinhu chisingafadze kuti unongedzere pachiri, pane kwose kunetseka nekutamburira nezvimwe zvose zvatiinazvo.

144 Kuda tinogona kunongedzera kuchikoro chikuru, asi chakafa. Tinogona kunongedzera kusangano, asi rakafa. Rave gutukutu. Zvangoita sechinhu chokutanga icho chatakabuda kubva machiri. "Sehochi inoenda kumatope ayo, nembwa kumarutsi ayo," apo patinodzoka. MuEgipita mumwe chete akafa.

145 Pasina kupokana mumwe munhu akati, "Mosesi, ko, hauchisina here kunzwira vanhu? Izvi ndizvo zvawakadanirwa." Mumwe munhu aiziva Mosesi, aiziva kuti ndizvo zvaakanga adanhirwa. "Zvino rega . . . Warasikirwa nokunzwira vanhu?"

"Kwete, changamire."

146 "Ko, sei usiri kunze, uko, uchiita *zvokuti*? Zvino sei usiri uko, uchiyedza *zvokuti*? Uye ko sei usingaite zvinoitwawo nevamwe vose?"

147 Mosesi akange ari kunze uko kwaaikururwa zvaaive nazvo, kusvikira ave nechiitiko pagwenzi raipfuta, rakataura Shoko. "Ndini Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho.

Zvino Ndarangarira vimbiso dzaNgu. Zvino ndadzika kuti ndizovadzikinura. Ndiri kukutuma iwe kuti uzviite." Zvikava saizvozvo.

148 Akaona Shoko, kwete vavariro dzevanhu kana zvido zvevanhu. Zvino akazovei? Akange asisade kutarisana namaEgipita zvakare. Akange asisade kutarisana nechinhu ichi zvakare. Asi akazova musungwa. Ameni. Makore makumi mana okumhanya, nokukururwa, asi shure kwazvo akazova musungwa, pagwenzi raipfuta, mhare huru Mosesi nenjere dzake dzakatesva. Bhaibheri rinotaura kuti Mosesi waive murume mhare pamashoko kana pamabasa, munyika yeEgipita.

149 Asi tarirai zvakaitwa nemudzidzi mukuru webhaibheri ari muHupo hwegwenzi raipfuta. Akangopupura chete kusakwanisa kwake. Paakaona donzvo raMwari rechokwadi, akapupura kuti akange asingakwanise kuzviita. Asi, akange akadzidziswa pazvidzidzo zvose zvebhaibheri zvavakakwanisa kumupa, akadzidziswa pachikoro chepamusorosoro. Asi, zvakadaro, agoitei kana iye. . .iyo Shongwe yeMoto yakaremberapo muchigwenzi? Akati, "Handitombokwanisi hangu kutaura naYe. Ishe, ini ndinomboriwo ani, wekuti ndingaenda?" Maona?

150 "Bvisa shangu dzako, Mosesi. Ndinoda kutaura newe. Kurura zvose, kana neshangu dzako. Wave—wave pasi paivhu chaipo zvakare. Ndinoda kutaura newe."

151 Akatadza kana nekutaura. Pakupedzisira, musungwa akasanangurwa, muporofita akasanangurwa, sezvakange zviri Pauro uyo aive akasanangurwa. Mosesi aive akasanangurwa, mudzikinuri. Zvino, pakupedzisira, Mwari vakange vave nemunhu waVo wavakange vasanangura zvino ave musungwa kwaVari. O, hareruya! Aikwanisa chete kungofamba sekufambiswa kwaaitwa neShoko raMwari. "Ndichati ndiyani wandituma?"

"NDIRI."

"Ndichazviita sei?"

"Ndichange ndiinewe."

152 "Hongu, Ishe, sezvaMareva. Ini ndiri pano." Oh, zvangu ini! Nokuti, ave musungwa.

153 Anoenda zvichipesana nekufunga kwake kuri nani. Zvino, aive akadzidziswa kuraira mawuto. "Minondo, mudenga! Simudzai misoro!" Akadzidziswa kuenda, "Ngoro dzemabhiza, dzose muhurongwa! Mapfumo, fambirai mberi! Chienda urwise!" Ndiyo nzira yematorero yaaizoita. Ndiwo madzidzisirwo aakange aitwa.

Asi iye akati, "Zvino ndichanoshandisei?"

Akati, "Chii chiri muruoko rwako?"

154 "Chimuti." Mwari pane dzimwe nguva vanoita zvinhu zvisingafungirwe, nepfungwa dzemunhu. Maona? Akatora chimuti muruoko rwake. Hupepe hwendebvu hwakarembera. Ave nemakore makumi masere okubarwa. Mudzimai wake ari panyurusi; mucheche agere pachiuno chake. Tumawoko, tune nyama dzakarembera twakarembedzwa pasi; nechimuti. Musoro wake woga ndiwo wakange wakamira, nokuti akange aine ZVANZI NAJEHOVHA. Sei? Akange zvino arovera hoko.

155 Aive musungwa. "Ndichangofamba chete kana Shoko randifambisa. Ndichataura chete panotaura Shoko."

"Uri kuenda kupi?"

156 "Ndine kutumwa kumwe chete: kwekumira pamberi paFarao nokumuratidza, nechimuti ichi, kuti Mwari vandituma." Ameni.

"Uchaiteyi mushure meizvozvo?"

"Iye ndiye achandipa zvinotevera, mushure mokunge ndaita izvi."

157 Hezvo izvo. Une chinhu chimwe chete chaunofanira kuita, nhano yokutanga, manheru ano: zvipire, iva musungwa. Usazvifunge pachako kana chimwewo chinhu. Ingova musungwa.

158 Mosesi akava musungwa, akapupura kuti akange asingakwanise kana nekutaura. Pakupedzisira, Mwari pavakamuisa muruoko rwaVo, uko aingokwanisa kuenda chete kwaanenge aendeswa naMwari. Uko, kwaVakamuudza Shoko. Akaziva kuti raive Shoko, ndokubva azviisa pasi peShoko. Zvino Mweya Mutsvene ipapo, Mwari, vakasungirira Mosesi pakuda kwaMwari.

159 Ndicho chinhu chimwe chete chaVakaita kuna Pauro. Ndizvo? [Wungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vakaisa Pauro mahanesi; kamuJudha, kane mhuno yakakombama, kaitsvinya, o, aive nePh.D. nemaLL.D. zvakanyorwa-nyorwa paari. Asi Iye akati, "Ini ndichamuratidza matambudziko achazomuwira nokuda kweShoko." Maona? Zvino iye . . .

160 Zvino Pauro agerepo achiona Shoko, uye achionawo kuti akange ari Jesu, akabva asimudza maoko ake ndokuiswa mahanesi ekumusungirira paAri. Rudo rwaMwari rwakamusungirira kuShoko. "Achatakura Zita Rangu kuvaHedheni." Ndiko kwaakaenda.

161 "Mosesi, INI NDIRI Mwari wemadzibaba ako. Ini NDIRI Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho. Ndiri kurangarira kuti ndakavavimbisa, zvino nguva yevimbiso yacho yaswedera. Zvino ndiri kuona kutambudzika kwevanhu vaNgu. Ndarangarira vimbiso Yangu. Zvino Ndauya kuti ndikuise mahanesi. Unoziva zvakataurwa neShoko. Ndakuisa mahanesi kuti uende zasi ikoko, ndakuisa mahanesi esimba, kuti uende zasi ikoko

kuti unodzikinura vanhu Vangu. Zvino chitora chimuti chiri muruwoko rwako, sechapupu, nokuti wakaona chishamiso chachakamboita." Sezvakaita Dhavhidha, nechimvii. Maona?

162 Akazviisa, mahanisi, ndokubva adzikako. Pakupedzisira, Mwari vakange vave nemunhu akange azviisa pasi Pavo, aiva akasungirirwa kwaVari, zvekuti akange asisakwanise kufamba kunze kwekunge Shoko raMwari ratomufambisa. Dai vanhu vakangoita saizvozvo, nhasi uno! Zvino, akange ave musungwa waKe, musungwa werudo, akaiswa pajoki resungano yerudo, na—naMwari, saPauro akange akaiswa pajoki resungano yerudo naMwari.

163 Sezvakange zvakaita Pauro, ivo vari vaviri vakange vakadzidziswa nenzira imwe chete. Mosesi akadzidzira, munozviziva, kudzikinura vana veIsraeri nechisimba chemawuto. Pauro akadzidzira kuvatora kubva mumaoko evaRoma achivasunungura, kubudikidza nesimba rake guru rezvinamato munyika pazuva iroro. Zvikoro zvikuru zvekudzidzira, akafunda ari pasi paGamarieri.

164 Zvino vose vari vaviri vakaenda mugwenga; vakadzoka vave vanhu vakashanduka. Vari vaviri vakaona Shongwe yeMoto. Uye vari vaviri vaive vaporofita. Ndizvo? [Wungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Vari vaviri, vaporofita. Uye vari vaviri vakataurwa navo neShongwe yeMoto, ndizvo chaizvo, vachiuya kuzova mudzikinuri. Havo avo; vakaenda mugwenga. Vakasiya misha yavo vakaenda kugwenga, kuti vawane kunzwisisa. Vakasiya vanhu vekwavo nezvese, kuti vawane kuda kwaMwari. Maona?

165 Vakange vakadzidziswa neimwe nzira; Mwari vakavashandura kune imwe. Zvino vaitofanira kuva musungwa akakwana, vasingaite nenzira yavaida ivo kuita nayo, asi kuita nenzira iyo yaidiwa naMwari kuti vaite nayo. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

166 Tingavewo here nemamwe maminitsi gumi, ekuita izvi? [Hama Neville vanoti, "Amen."—Mupepeti.]

167 Ndichati kurumidzei ndichienda pane mumwe munhu. Ndiri kuona mumwe pamberi pangu zvino. Zita rake ndiJosefa. Aive mwanakomana akasanangurwa. Aive mufananidzo wakakwana waJesu Kristu. Akaberekwa ari muporofita. Aivewo muporofita, zvakare. Maona? Uye zvino aikwanisa kuona chiratidzo. Apo achiri kakomana kadiki, akazviwona muchiratidzo agere pachigaro chehumambo, vakoma vake vachikotamisa misoro yavo kwaari. Maona? Asi tarisai. Iye akazove . . . Aizvinzwa sekunge aive munhu mukuru. Maona? Vose zvavo . . .

168 Asi chiiko chaifanira kuzoitwa naMwari? Vakaita chinhu chimwe chete icho chavakaita kune vamwe vose. Nokuti, Mosesi aive mudzikinuri, Pauro aive mudzikinuri, uye Josefa aive mudzikinuri zvino. Akaponesa vanhu vokwake kubva panzara.

169 Chiiko chakazoitwa naMwari kwaari? Kumuisa mutirongo, kubva vanyatsomuisa mutirongo chaimo. Hongu, changamire. Rangarirai, akatengeswa nevakoma vake, kumuEgipita. Ivo vakazomutengesa kuna Potiferi. Zvino Potiferi akamupa karusununguko kaduku, zvino, chinhu chokutanga munoziva, izvozvo akabva azvitorerwa. Zvino hoyo agere mutirongo, achichema, achichema. Mwari vaitofanirwa kumutorera zvose.

170 Zvino cherechedzai. Asi, nguva dzose, ndinotenda, iye, ari mutirongo iri, aikwanisa kurangarira kuti chiratidzo chakati iye akange achazogara pachigaro chekutonga, uye vakoma vake vakange vachazomukotamira, nokuti aiziva kuti chipo chake chakange chabva kuna Mwari. Zvino aiziva kuti zvaitozofanira kuzadzikiswa.

171 Dai tikangokwanisa bedzi kuchengetedza izvi mundangariro dzedu, uye zvichienderana neShoko raMwari, kuti mumazuva ano ekupedzisira Achazova neChechi, Achazova nevanhu. Uye zvinhu izvi zvaAkavimbisa, Achazozviita. Akati Achadaro, uye tiri kurarama munguva yacho. Tatosvikapo. Arikungunoyedza kutiita kuti tive vasungwa vakakwana iye zvino, takavharirwa pamwe chete naYe.

172 Makanzwa chimbo chiye chakare chamunoimba, "Zvino ini ndakapfigirwa pamwe chete naMwari"? Ndinoda kupfigirwa pamwe chete naMwari. Zvino, ndipo pandafunga pamusoro peizvi. Kupfigirwa pamwe chete naMwari, pasina chimwezve, zvino unozongofamba bedzi kana Mwari vakuti ufambe. Unongoita bedzi zvaunonzi naMwari uite, munoona, zvino unenge wapfigirwa pamwe chete naMwari.

173 Zvino rangarirai, akange achifunga. Naiyewo akazove mukundiki zvachose, kune zvaaiva pachake. Zvose zvaaiziva, zvose zvaainzwisisa, nezvimwe zvose, akave mukundiki zvachose. Hazvina kushanda. Akaiswa pasi pechinhano chokuti pakange pasisina munhu akange achamuteerera. Akange ave musungwa. Maona? Akaiswa mumamirire ezvinhu, okuti vasingatendi havaimutenda. Muri kuona here zvandiri kureva? [Wungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Shumiro yake yakashaya basa. Vanhu vaitotarisa padivi. Vakange vasisambomucherechedza ari mutirongo. Shumiro yake yakange ichabatsirei? Aikwanisa kumira pamasimbi ejeri ovaparidzira; vaingoramba havo vachifamba vachidzika nemugwagwa. Maona? Asi akazove musungwa. Uye Mwari vakamuchengetedza, ari musungwa, kusvikira vhiri ranyatsotendera kusvika pakafanira. Ndokuti, "Uyu ndiye munhu waNgu." Girori! Mukundiki zvachose!

174 Pakupedzisira, Mwari vakazouya kwaari mutirongo. SaPauro, sevamwe vose, Vakauya kwaari. Zvino Vakashandisa chipo chaVakange vamupa, kumuburitsa kubva imomo. Ndizvozvo. Vakamuburitsa kubva mutirongo rake. Akaitei?

Vachingobva kumuburitsa kubva mutirongo rake, akabva apiwa masimba namambo, mambo wake, uyo waaigara padivi pake, uyo waaigara pasi pake. Akaburitswa kubva mumba yehusungwa ndokupiwa masimba; kusvikira, zvose zvaaitaura, zvaitoitika. Ameni.

175 Ari mutirongo rake, airangarira nguva dzose, kuti paive nechinangwa chaakaberekerwa. Akange achazogara pedyo namambo. Vamwe vose vakange vachazomugwadamira nebvi. Chiratidzo chake chakamutaurira kudaro. Ameni. Asi chiratidzo chake chisati chanyatsozadzikiswa zvizere, akave musungwa. Ameni. Ndokubva azova mutongi. Zvino paakabuda kubva mumba yake yohusungwa, akange ave musungwa weShoko raMwari, kuti akange otaura chete izvo Mwari vainge vaisa mumuromo wake kuti ataure, zvino Mwari vakafamba nemaari.

176 Cherechedzai, kuti Mosesi akange aine simba rokusunga machinda aFarao, paanenge adira. "Kana ukati kugomo iri, 'Ibva.'" Akange aine simba rokusunga machinda aFarao. Kunyange vaive madhikoni, kana mapresibhita, kana vainge vari vamirariri venyika kana zvose zvavangadai vaive. Aiti, "Ndinokusungai," zvino vaibva vasungwa. Zvaive saizvozvo. Aikwanisa kuzviita sekutaura kweshoko rake, nepakufara kwake. Ameni. Mwari ngaarumbidzwe!

Oh, ndangosarirwa nemaminitsi matatu, ndinochengeta shoko rangu.

177 Zvino tinozoona, kuti a—akazove musungwa waMwari, achibva mukuva musungwa wenyika. Kubva . . . Pauro, nenzira imwe cheteyo. NaMosesi, nenzira imwe cheteyo, kubva pakuve musungwa wepfungwa dzake, kuva musungwa waMwari. Zvino paakabuda, akange ave nesimba raMwari. Zvino apo paakave Pauro . . . Apo mafungiro akare, aMosesi, akaapira ndokuakururwa, akazove musungwa kuShoko raKristu. Aikwanisa bedzi kufamba uko . . .

"Iwe unoti, 'Kristu'?"

178 "Akati kuzvidzwa kwaKristu ipfuma huru kudarika yemuEgipita." Nokudaro aive musungwa waKristu, sezvakange zvakaita Pauro.

179 Rangarirai, vose vari vatatu vaive vaporofita. Maona? Zvino vaitofanirwa kubviswa mafungiro avo, kuti vazove musungwa wekuda pamwe nenzira dzaMwari.

180 Ipapo tinorangarira, zvino, kuti aive nesimba rekusunga, sekureva kweshoko rake. Aive nesimba rekusunungura, sekureva kweshoko rake. Aikwanisa kuti, "Ndinokusunungura, nemuzita ramambo wangu." Ameni. Farao akaita Josefa mwanakomana wake.

181 Kristu anoita kuti, vasungwa Vake verudo, vave vanakomana Vake. Uye Anovapa simba, zvimwechetezvo seraAivewo naro.

Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, munoona, mabasa andinoita naiyewo achaaita zvakare. Achatoita akawanda kudarika iwo aya." Zvino musungwa werudo rwaKristu anopiwa masimba naMambo wake, Anova Kristu. Amen. "Uye zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana ukati kugomo iri, 'Suduruka,' uye worega kuzvipokana mumoyo mako, asi ugotenda kuti izvo zvawataura zvichaitika, uchawana zvaunenge wataura. Kana ukagara Mandiri, neShoko Rangu riri mauri; kana wakaboperwa pandiri," nokuti Iye neShoko raKe chinhu chimwe chete. "Pakutanga kwaive neShoko, uye Shoko rakange riri kuna Mwari. Shoko rakazove nyama rikagara pakati pedu. Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Kana ukagara Mandiri," kwete *kuno* ne*uko*. "Kugara maNdiri, neShoko Rangu mauri; kumbira chose chaunoda, kana kuti taura chose chaunoda, unozviitirwa." Aive nesimba.

182 Cherechedzai, asati abuda, akatotanga atorwa ndokuveurwa. Zvimwe zvinhu zvishoma zvakatoveurwa asati asangana namambo wake. Maona?

183 O, Mwari pane dzimwe nguva vanobuditsa vanhu vaKe nemaitiro iwayo, ovaveura achibvisa zvimwe zvezvido zvavo zvishoma, ovaratidza kuti havakwanise kungoita izvo zvavanenge vachinzwa kuda kuita. Munoziva zvandiri kureva. Havana—havana rusununguko rwekuita zvavanenge vachida kuita. Vasati vasvika pakuva nemasimba akakwana uye nokuva nhapwa dzerudo dzaKristu, vanofanirwa kuveurwa zvino vozokumikidzwa. Dzimwe nguva Anovatora kuenda navo mugwenga, kuti azviite, kuti avaveure. Zvino anozovaburitsa, ave muzodziwa, kuti vazadzikise chinangwa chaAkavatemera kuti vazova. Muri kuona zvandiri kureva?

Hama, tave panguva yekuguma.

184 Rangarirai, pane dzimwe nguva dzose, izvo zvaAkaita. Waitofanirwa nguva dzose kutora munhu womuita musungwa Wake, osiya zvake. Aitofanirwa kutosiya izvo zvose zvaaiziva, okanganwa kudzidziswa kwake kwose, zvose, kuitira kuti azive kuda kwaMwari, uye nekuzotevera Mwari.

185 Hazviite kuti agotevera chinhu chose chinoitwa nemunhu, naMwari, panguva imwe chete. Zvakanyanya kupesana, chimwe kubva kune chimwe. Haukwanise kuenda kumabvazuva nekumadokero panguva imwe cheteyo. Haukwanise kuenda kurudyi nekuruboshwe panguva imwe cheteyo. Haukwanise kuita chinhu chakanaka nechakaipa panguva imwe cheteyo. Haukwanise kutevera munhu naMwari panguva imwe chete. Kwete, changamire. Uri kutevera Mwari kana kuti uri kutevera munhu.

186 Zvino, zvadaro, kana uri kutevera Mwari uye wakazvipira kuna Mwari, zvino unobva wave musungwa waMwari iyeyo,

weShoko iroro, wekuda ikoko. Zvisineyi kuti chimwe chinhu chinoti kudini, unobva wava mu—musungwa kwaRiri.

187 Teererai. Tiri panguva yekuguma. Uye izvi ndinozvitaura neruremekedzo pamwe nerukudzo, sezvo apo maminitsi okupedzisira ari kupfuura. Tarirai. Izvo Mwari, pakufunga kwangu, zvaachaita nezvaakasungirwa kuita, uye nezvaachaita muzuva rino rokupedzisira, kuwana mudziyo wekukohwesa. Anofanira kuwana mudziyo, wekupura nawo paburiro. Murimi wose, paanoenda kunokohwa, anofanirwa kuva nemudziyo wekushanda nawo; zvirokwazvo, anofanira kuve nejeko rakapinza kanawo chimwe, mumwewo mudziyo, wekupurisa uchipatsanura tsanga. Zvino goho raibva.

188 Mwari, titorei muruwoko Rwenyu. Tiiteyi isu varanda vehusungwa hwerudo Rwenyu. Tishandisei semudziyo, kuti tiunze kubengenuka kunyika yezvivi, yakatukwa iyo yatigere mairi nhasi uno, kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

189 Kana ndiri ini, Mwari, regai ndive musungwa. Kana hama dzangu dzose dzikandiramba, kana shamwari dzangu dzose dzikandiramba, ndinoda kuva musungwa waJesu Kristu neShoko raKe, kuti ndiiswe mahanesi kuShoko raKe, kubudikidza neMweya Mutsvene, kuona Mweya Mutsvene achiita kuti Shoko raMwari risimbiswe nezvinhu zvimwe chete izvo zvaAkataura kuti zvichazoitwa. Ndinoda kuva musungwa waJesu Kristu.

Ngatinamatei.

190 Handizivewo, manheru ano, takakotamisa misoro yedu, kana vavariro yatiinayo, yokuva chimwewo chinhu, zvimwe kuda yechimwe chinhu chatingafunga, chiri chinhu cheundini, hatikwanisewo here kuti tizviise parutivi.

191 Handizivi kuda pane mujaya ari pano, manheru ano, akatarisa zvakapoteredza, oti, "Ini ndichazova, kana ndakura, ndichava *zvakati nezvakati*." Handizivi kuti hausi kunzwawo here kuda kwaMwari kuchifamba muhupenyu hwako, wobva wati, "Kwete, kwete. Uh-huh. Ini—ini . . . Vavariro dzangu dzatorasika zvino. Pamazuva mashoma apfuura, Mweya Mutsvene anga ari kutaura neni. Ndi—ndi—ndi—ndinoda kuzvipira kuna Mwari, kuti ndive mudziyo wekupurisa wemuzuva rino rekuguma."

192 Mumwe musikana wechidiki anogona kuva nevavariro yokuva mudzimai ane hunhu hwakanaka, kana—kana zvimwe kuva tsvarakadenga yemusikana, kana kuti zvimwe kuda rimwe zuva uchaita basa rekuHollywood, ha—handizivi kuti hausikudawo here iye zvino kupira vavariro yako muHupo hwaMwari neShoko raKe, uchinzwa kudana kwaMwari muhupenyu hwako. Mwari vanoziva kuti iwe ndiwe ani.

193 Handizive kuti pangave nemushumiri here padyo, kana mushandi, mubati pane imwe nzvimbo muchechi. Ini ndinongouya muno, apa neapo. Ha—handizive chidimbu kubva muzvitatu chevanhu vagere muno, manheru ano, asi ndi . . . ava vashoma vari pano. Handizivi kuti pane munhu here akadaro, kuti unoda kutaura uchiti, "Handina basa nezvingataurwa naani zvake. Ini iye zvino ndave nhapwa yaMwari. Nda—nda—ndave kunoparidza Shoko Rake, zvakadaro chete. Handina basa nazvo, kana sangano rangu—rangu rikandidzinga, ini ndicharamba ndichigara neShoko irori. Ndi—ndichazviita. Kuda kwangu ndiko kuda kwaMwari. Kuda kwaMwari ndiko kuda kwangu. Ndichava musungwa waJesu Kristu. Nenyasha nerubatsiro rwaKe, ndichazviita."

194 Zvifungei izvozvo, patinenge takakotamisa misoro yedu. Vangani vane vavariro yakadaro, manheru ano? Mungasimudzewo ruwoko rwenyu. Urwu rwangu, neniwo. Ndinopira zvose. Takakotamisa misoro yedu zvino, zvishoma nezvishoma iye zvino, pauri kunyatsofungisisa zvino, uchinamata.

Ndopira zvose,
Ndopira zvose,
Zvose kwaMuri, Muponisi wangu,
Ndopira zvose.
Ndopir- . . .

195 Uri kunyatsorevesa here? "Ndinoda kuva musungwa. Ini . . . Nditorei, Ishe. Nditorei muende neni kuimba yeMuumbi, manheru ano. Ndipwanye-pwanyei, mochindiumba zvakare, ipo pano."

Kwamuri, Muponisi wangu,
Ndopira zvose.

196 Baba vari Kudenga, apo chimbo chirikuenderera mberi chichiridzwa, ndafunga kuti zvingabatsire zvikuru panguva ino, kuti ndi—ndidimburire chimbo kuti nditaure neMi kwekanguvana. Apo vanhu varikufunga, "Ndopira zvose," Baba, dai tazviita, sokunge ndiwo mukana wedu wokupedzisira wokuzviita. Regai tiuye nokuperera, kuuya patafura yaShe, sezvatingaite, tiine hanzu dzakashambwa, mweya yakashambwa, zvido zvakashambwa, vavariro dzakashambwa, kuti tizvipire.

197 Zvino regai Mwari vatore Shoko raVo, votiisa pajoki pamwe chete naRo, Shoko raMwari. Zvino dai Mweya Mutsvene atitora iye zvino, apo tirikunzwa joki richikochekerwa pamoyo yedu, "Kubva manheru ano zvichienda mberi, ndinokutorai pashoko renyu. Zvino chirega kufunga mufungo wako. Funga pfungwa dzaNgu. Funga kuda kwaNgu. Ndichakutungamirira." Mwari, itai kuti chigova chiitiko kune mumwe nomumwe wedu.

198 Ava vechidiki vakagara pano; murume nemudzimai; uye nevamwe vave kuda kuva murume nemudzimai. Pane varume vechikuru vagere muno, vari vashumiri, vagara vari panzira. Uye, Ishe, hevanoi Hama Neville, ini, tave kukwira kumusoro kwemanera. Mazuva edu ave kuita mashoma zvino. Nhano dzedu tave kudziita takangwarira kudarika zvataimboita. Tinonyatsocherechedza patinotsika. Hatichanyatsotsiki zvakanaka, tichirevera panyama, sezvataimbove kare. Asi, Ishe, apo tiri kuona hupenyu huno hwave kupera, hapana nhano dzedu dzakanaka dzatingaite kunze kwekunge Makatotibata ruoko.

199 Zvino, Mwari, titorei, Mungazviitewo here? Torai moyo yedu pamwe nekuda kwedu muruwoko Rwenyu Chairwo, zvino motiita vasungwa, manheru ano, kuShoko, kuna Kristu. Dai tararama hupenyu hwehumwari pano. Dai madzimai aya, mhandara idzi, majaya aya, vakomana navasikana, vapira hupenyu hwavo, Ishe. Uye dai vavariro yavo yava vavariro yekushumira Jesu Kristu. Uye itai kuti tive vasungwa vekuda pamwe nenyasha dzehuMwari hwaKe. Zviitei, Ishe.

200 Ndizvo zvoga zvandinoziva kuita, Ishe. Aya mashoko maduku akadimbuka-dimbuka, uye ndi—ndinotenda kuti Muchaabatanidza, zvakanaka. Nokuti, muno muri kupisa, uye vanhu vanoda kuteerera, asi muno muri kunyatsodziya. Zvino vazhinji vanofanira kudzokera kudzimba vachizomukira kumabasa. Asi dai mbeu idzi dzagara mumoyo mavo, "musungwa."

201 Voenda kumba agoti kumudzimai, pavanenge . . . vasati vagadzirira kuti vasvike pakunamata, masikati ano, kana manheru ano, padivi remubhedha, votarisana mumwe kune mumwe, voti, "Mudiwa, ko zviya wazviwonawo sei, manheru ano? Tave here vasungwa vaKristu zvemazvirokwazvo pamwe nokuda Kwake, kana—kana kuti tinoshanda tichitevedza kuda kwedu?"

202 Dai majaya nemhandara, kwese-kwese, kunyanya avo vanzwa Mharidzo, manheru ano, vazvibvunze mubvunzo mumwe chetewo, "Ndinobvuma here kuva musungwa, ndichiramba hupenyu hwangu?"

203 "Uyo anochengetedza hupenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi uyo anorasikirwa nohupenyu hwaKe nokuda kwaNgu achahuwana." Baba, tinoziva, kuti: kuva musungwa weNyu, tichirasikirwa nevavariro dzedu nezvishuvo zvedu, kuti tiwane zveNyu, zvadaro tinowana Hupenyu Husingapere. Zviitei, Ishe.

204 Chinhu choga chandinongoziva, kuzvikumikidza iye zvino muruwoko rweNyu. Zvino dai ikachibereka michero igounza midziyo mikuru—mikuru yegoho remazuva ekuguma, varume nemadzimai, vakomana nevasikana, vakazvipira pakuda kwaMwari kuzere, vobva vava vasungwa vaJesu Kristu, kurudo

rwaKe, vakasungwa nemakashu erudo rwaMwari pana Kristu. Takumbira nemuZita raKe.

Ndopira zvose,

Tisimukei.

Ndopira zvose,
Zvose kwaMuri, mu . . .?. . .

205 Ngatizvitaurei zvakare, takatsinzinya meso edu uye takasimudza mawoko edu.

Ndopira zvose,
Ndopira zvose,
Zvose kwaMuri, Muponisi wangu,
Ndopira zvose.

206 Iye zvino, ngatikotamisei misoro yedu, chimbo chekuvhara chisati chaimbwa, chokuti *Tora Zita RaJesu Newe*. Ndichakumbira hama iyo—iyo iyi iri apa . . . Ndakanganwa zita rake. Hanzvadzi yapupura pamusoro pechiratidzo cherima raiuya, uyo akapodzwa. Zvino rangarirai, pavakatarisa kumashure, chidzitiro chakange chabva. Kutenda kwake ndiko kwakazviita. Mungativharirewo nemunamato, here, hama? Mobva makumbira maropafadzo aMwari pamusoro pedu.

MUSUNGWA SHO63-0717
(A Prisoner)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neChitatu manheru, 17 Chikunguru, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org